

# 2011

## 22 Dongeng Jeung Sasakala



*Dorokdok*

Carita Sunda tea

2/11/2011

# Daptar Eusi

- 1. Budak Pahatu Lalis ..... 3
- 2. Sasakala Gunung Tampomas ..... 8
- 3. Sasakala Gunung Kendang..... 10
- 4. Jonggrang Kalapitung.....12
- 5. Sasakala Rawabening .....19
- 6. Sasakala Arca Domas ..... 25
- 7. Sasakala Curug Sindulang.....31
- 8. Centang Barang.....33
- 9. Sang Prabu Jaka Susuru .....38
- 10. Sasakala Pamanukan .....44
- 11. Sasakala Cigondewah.....47
- 12. Dongeng Nini-nini .....49
- 13. Ki Dipa Dibegal .....53
- 14. Putri Leuweung Larangan .....56
- 15. Sasakala Situ Patenggang .....61
- 16. Sasakala Situ Bagendit .....63
- 17. Sasakala Cau Manggala Aya Sikian .....65
- 18. Lutung Kasarung .....67
- 19. Ciung Wanara.....71
- 20. Sasakala Gunung Tangkuban Parahu .....73
- 21. Sasakala Maung Panjalu .....77
- 22. Sasakala Majalengka .....84

# Budak Pahatu Lalis

(Tina Utara Utari karya Ki Umbara)

Jaman baheula aya dua budak—adi lanceuk—geus teu indung teu bapa, teu sanak teu kadang. Éstu éta barudak téh pahatu lalis. Lanceukna lalaki kira-kira umur tujuh taun, adina awéwé kira-kira umur lima taun. Titinggal kolotna ngan imah réyod wungkul. Pagawéan éta barudak sapopoéna ngarala suluh ka leuweung, mulungan pangpung atawa lanceukna naék kana tatangkalan, mites-miteskeun rangrang nu gararing. Éta suluh téh dijual ka tatangga-tatangana atawa ka pasar. Ladangna keur waragad hirup maranéhna.

Hiji mangsa ngarala suluhna di tegalan eurih. Di dinya réa tatangkalan. Eurihna sadedeg-sadedeg. Ku maranéhna katénjo aya tangkal loa nu buahna raruhruy pikabitaen. Nu lalaki naék kana tangkal loa, ngalaan buahna nu arasak, diasup-asupkeun kana koja bawana. Adina ngadagoan di handap, nyanghunjar lambar dina tumpukan eurih hirup.

Teu lila budak awéwé téh ngawih kieu:

*Kang tulungan, Kang tulungan,*

*aya nu gagarayaman,*

*kana suku jeung ngégélan!*

Ceuk lanceukna ti luhur bari jongjon ngalaan buah loa:

*Usap baé Nyai, meureun sierum!*

Teu lila budak awéwé téh ngawih deui:

*Kang tulungan, Kang tulungan,*

*aya nu gagarayaman,*

*kana suku jeung ngégélan!*

Cék lanceukna ti luhur tangkal loa, naékna beuki luhur:

*Usap baé Nyai, meureun sireum!*

Teu lila kadéngé deui budak awéwé téh ngawih deui:

*Kang tulungan, Kang tulungan*

*aya nu gagarayaman,*

*kana suku jeung ngégélan!*

Cek lanceukna ti luhur tangkal loa:

*“Usap baé Nyai, meureun sireum!”*

Budak awéwé ngawih deui, tapi soranan beuki laun, malah les pisan:

*Kang tulungan, Kang tulungan,*

*aya nu gagarayaman, kana...*

Lanceukna turun, pohara kagéteunana, lantaran adina euweuh dina tempatna. Eurih urut diuk adina busik. Nu barusik téh ngabulungbung manjang, ku lanceukna tuluy dipapay. Dina tungtungna nu busik téa, katingal ku manéhna, oray sanca sagedé gulungan kasur...nangkarak beungkang paéh, beuteungna bungkiang. Sigana paéh kamerekaan. Keur kitu kadéngé ku éta budak lalaki, sora manuk di luhur kiara, “Cukrih, cukrih, turih ku pucuk eurih. Cukrih, cukrih, turih ku pucuk eurih!”

Ti dinya lanceukna téh niruk pucuk eurih nu garing, nu seukeut, tuluy beuteung oray téh diturih. ...Ana boréngkal téh adina, hirup teu sakara-kara. Regeyeng nu lalaki manggul beungkeutan pangpung, ngiringkeun adina, baralik bari ngadalahan buah loa anu arasak.

### **Dua taun ti harita...**

Dina musim katiga, cai walungan tiba ngérélék. Hiji mangsa ménak-ménak ti dayeuh ngersakeun munday di Leuwi Sipatahunan. Dina waktuna, barudak pahatu ogé milu tarurun ka leuwi. Mimitina mah nu lalaki nyairan beunteur jeung hurang nu marabok, adina nu ngundangan. Lila-lia budak lalaki téh kabitaeun ku palika nu teuleum mareunang lauk galedé. Manéhna milu teuleum. Enya baé, manéhna ogé meunang nilem. Sumangetna beuki gedé, tuluy teuleum ka nu jero. Tapi aya sajamna manéhna teu mumbul-mumbul. Adina jejeritan ménta tulung. Teu lila hiji palika mumbul bari nangkeup Si Ujang pahatu geus...maot. Adina ceurik auk-aukan, ahang-ahangan.

Ku palika duaan, mayit téh dianteurkeun ka imahna, digolérkeun dina babaléan, diruruban ku samak butut. Cék salah saurang nu nganteurkeun, “Dikuburna mah isukan. Ayeuna mah kapalang, kami keur munday,” tuluy maranéhna ka leuwi deui. Budak awéwé ingeteun kana omongan indungan basa rék maot. Kieu, “Ieu jimat ti karuhun, simpen sугan aya maunatna.” Nu disebut jimat téh mangrupa hihid. Ku budak awéwé harita dicokot, tuluy dipaké ngageberan mayit lanceukna bari ngawih, kieu:

*Geber-geber hihid aing,*

*hihid aing kabuyutan,*

*warisan ti nini aki,*

*pangusir bibit kasakit,*

*panawa anu cilaka.*

Anéh mayit téh ngerenyed.

Ngawih kadua kali:

*Geber-geber hihid aing,*

*hihid aing kabuyutan,*

*warisan ti nini aki,*

*pangusir bibit kasakit*

*panawa anu cilaka.*

Mayit téh beunta, panonna gular-giler.

Ngawih katilu kali:

*Geber-geber hihid aing,*

*hihid aing kabuyutan,*

*warisan ti nini aki,*

*pangusir bibit kasakit,*

*panawa anu cilaka.*

Juringkang lanceukna hudang, waluya teu sakara-kara.

Kacaritakeun raja di éta nagara kagungan putra hiji-hijina pameget, nunggal. Éta putra ku ibu ramana pohara didama-damana. Keur kasép jeung calakan téh, handap asor jeung hadé basa deuih. Hiji mangsa éta kakasih ibu ramana téh teu damang wales. Dukun lepus dikelun, paraji sakti dikerid; tapi saurang ogé boh jampéna boh ubarna taya nu mental. Nu teu damang dengdeng baé, malah wuwuh répot. Cindekna, dukun lepus ilang lepusna; paraji sakti leungit saktina. Nu nyoba ngalandongan mungguh ka ngantay. Tapi teu aya nu hasil. Kangjeng Raja jeung praméswari siang wengi teu tebih ti pajuaran nu teu damang. Pamaréntahan mah kumaha Patih baé.

Di imah barudak pahatu. Nu lalaki ka adina nyaritakeun putra Raja nu teu damang wales, teu aya nu bisa ngalandongan, “Kumaha upami Nyai nyobaan ngageberan ku hihid jimat?”

“Asal diidinan asup ka karaton,” témbalna.

Lanceukna ngadeuheus ka Juragan Patih, neda widi yén adina badé nyobi ngalandongan nu teu damang.

“Saha baé boh kolot boh ngora, boh lalaki boh awéwé, meunang nyobaan. Ngantay baé!”

Isukna dianteur ku lanceukna, Si Nyai milu ngantay ngalandongan. Gancangna bagéan Si Nyai asup. Kusiwel tina jero bajuna, Si Nyai ngaluarkeun hihid jimatna, tuluy ngageberan nu teu damang bari ngawih:

*Geber-geber hihid aing,*

*hihid aing kabuyutan,*

*warisan ti nini aki,*

*pangusir bibit kasakit,*

*panawa anu cilaka.*

Nu teu damang, anu tadina peureum baé téh bray beunta.

Ngawih kadua kali:

*Geber-geber hihid aing,*

*hihid aing kabuyutan,*



*warisanti nini aki,*  
*pangusir bibit kasakit,*  
*panawa anu cilaka.*

Nu teu damang socana gular-giler, rurat-rérét ka ibu ramana, nyéh imut.

Ngawih katilu kalina:

*Geber-geber hihid aing,*  
*hihid aing kabuyutan,*  
*warisan ti nini aki,*  
*pangusir bibit kasakit,*  
*panawa anu cilaka.*

Juringkang nu teu damang téh gugah. Sang Raja ngarangkul putrana. Ari pramésuari ngarangkul Si Nyai, digaléntor diciuman. Boh Sang Raja boh Pramésuari rarambay socana. Cisoca kabingah.

Ti harita Si Nyai teu meunang balik deui, kudu tetep di karaton, diasih pisan ku Pramésuari jeung ku Sang Raja. Beuki lila beuki geulis, beuki apal tata-titi kaménakan.

Barang Pangéran jeung Si Nyai pada sawawa, tuluy ku Sang Raja ditikahkeun. Péstana ramé pisan. Lanceuk Si Nyai diangkat jadi mantri.

# Sasakala Gunung Tampomas

Ku: Budi Rahayu Tamsyah

Kacaritakeun, Gunung Gedé anu aya di Sumedang ngaluarkeun sora pohara pikakeueungeunana. Sorana ngaguruh. Tina puncakna kaluar haseup campur lebu anu hurung. Ieu gunung kawas-kawas arék bitu. Rahayat Kabupatén Sumedang harita, pohara rareuwaseunana. Kumaha balukarna lamun éta Gunung Gedé bener-bener bitu?

Teu kacatur saha anu jeneng bupati harita. Ngan éta bupati téh pohara towéksana ka rahayat, wedi asih sarta bijaksana. Atuh sanajan can kalaporan gé anjeunna parantos uningaeun, kumaha tagiwurna rahayat. Anjeunna teras ngémutan sangkan bisa nyalametkeun rahayatna.

Ku pangjurung kanyaah ka rahayat téa, anjeunna teras nyepi di hiji kamar, seja mujasmédi neda pituduh ti paradéwa. Susuganan ku jalan kitu, anjeunna tiasa mangadep ka Yang Tunggal, dipasihan pituduh pikeun nyalametkeun rahayatna.

Ku cengeng-cengengna nu mangadep, alhamdulillah, maksud Kangjeng Bupati tinekanan. Dina hiji wengi, Kangjeng Bupati ngimpén kasumpingan hiji aki-aki. Éta aki-aki anu nganggo anggoan sing sarwa bodas téh, pok sasauran anca pisan, “Putu Éyang anu kasép, Éyang geus terang kumaha kabingung hidep. Éyang hayang mantuan sangkan rahayat hidep bisa leupas tina kahariwangna. Éta gunung kudu ditumbal ku keris pusaka kagungan putra dalem anu dijieun tina emas. Poma hidep ulah deuk ngorétkeun. Tah, sakitu baé ti Éyang.”

Sabada sasauran kitu, éta aki-aki téh les baé leungit tina impénan Kangjeng Bupati. Satampina éta ilapat, énggal baé Kangjeng Bupati kaluar ti kamar sarta teras nyandak keris pusaka.

Énggal anjeunna angkat ngajugjug ka puncak Gunung Gedé. Rurusuhan da sieun bitu mantén. Najan rahayat anu keur bingung, nyaksian Kangjeng Bupati angkat ka puncak gunung mah, teu tégaeun ngantep. Bring baé naluturkeun.

Sadugina ka puncak Gunung Gedé, Kangjeng Bupati teu talangké, ngan lung baé éta keris téh dialungkeun kana kawahna. Rahayat anu tadi naluturkeun téh ngan bati colohok, da éta keris téh éstu kageugeut pisan Kangjeng Bupati. Barang éta keris geus dikana-kawahkeun, jep saharita sora anu ngaguruh



pikakeueungeun téh jempé. Lini anu geus lila karasa, harita mah teu karasa naon-naon. Sabada leungit kagétna, timbul kabungah rahayat téh. Ger baé surak bakat ku atoh, sarta tuluy sumujud ka Kangjeng Bupati tanda nganuhunkeun. Sakabéh rahayat ngaikrarkeun seja satia-satuhu ka anu ngaheuyeuk dayeuh.

Éta maksud kasatiaan rahayat téh ku Kangjeng Bupati ditampi kalayan dareuda, bakat ku bingah. Bingah manahna lantaran bisa nyingkahkeun balai, bingah lantaran bisa nyalametkeun rahayatna.

Tah, nya ti harita pisan éta gunung katelah Gunung Tampa Emas, anu saterusna robah jadi Gunung Tampomas. Ayeuna mah teu pikasieuneun, malah mun pareng poé peré mah sok rajeun dijarugjungan nepi ka puncakna.



## Sasakala Gunung Kendang

JAMAN baheula kacaritakeun aya hiji jelema nu ngaran Ki Sutaarga. Ngabogaan maksud hajat bari nanggap wayang. Ari lalakonna nu dipikahayang ku manéhna supaya dipidangkeun, nyaéta lalakon nu paling dipantang ku dalang. Éta lalakon meunang dipidangkeun, tapi teu meunang nepi ka tamatna. Sabah lamun tamat biasana sok aya kajadian nu teu dipikahayang.

Tapi Ki Sutaarga keukeuh peteukeuh hayang nyaho éta lalakon nepi ka tamatna. Pokna kajeun mayaran sakumaha, moal burung dibayar asal éta lalakon dipidangkeun nepi ka tamatna.

Pok Ki Dalang sasauran.

“Heug waé dipidangkeun nepi ka tamatna, asal ongkosna waé dibayar tiheula?”

Teu loba carita, gocrak baé dibayar sapaménta dalang téa, ku Ki Sutaagra téh. Atuh kasurung ku ongkos nu gedé, ger waé ngawayang anu pohara raména. Sindénna nu katelah Nyai Astrakembang, anu hérang méncrang, ceuk barudak ayeuna mah siga enyoy-enyoyan, ngoléar tembang hégar pisan.

Atuh panongton daratang ti suklakna ti siklukna. Éstuning ramé pisan aréak-aréakan, nguping sora sindén anu ngagalideng halimpu pisan. Barang lalakon ampir tamat geus deukeut subuh, torojol dua jelema anu maké pakéan saragam upas kabupatén. Éta upas téa nepikeun paréntah Bupati, nu maksudna supaya éta dalang, sindén, para nayaga, katut gamelan sapuratina, dibawa ngadeuheus ka kanjeng Bupati. Cenah ditunggu pisan.

Atuh dalang téh cuh-cih jeung cakah-cikih paparéntah ka batur baterna kudu bébérés. Sarta manéhna bébéja ka Ki Sutaarga téa yén disaur ku Bupati. Kacaturkeun bring arindit diiringkeun ku upas nu duaan ngajugjug ka tempat panglinggihan Bupati. Jalanna lempeng molongpong, éstuning senang pisan leuleumpangan henteu loba sumarimpang.

Caritana nu ngalabring téa géus nepi ka nu dijugjug. Breg ngarimpak rareureuh dihareupeun gedong Kabupatén, harita téh géus rék bray-brayan beurang.

Tapi anéh bin ajaib!

Éta dua Upas teu araya, kabupatén ogé suwung, leungit tanpa lebih ilang tanpa karana. Sakabéh nu hadir musna teu ngaho kamana leosna. Nu aya sesana ngan gamelan-gamelan téa. Kasur nu digulungkeun urut diuk sindén, kabéh robah ngajadi batu. Tug nepi ka kiwari, nelah gunungna disebut Gunung Kendang.

Dina mangsa nu geus kaliwat. Dina malem Salasa atawa Jum'ah kaliwon sok aya raraméan siga nu keur hiburan. Sora sindén gagalindeng angin-anginan. Sora panjak nu senggak. Sora gamelan nangnéngnong. Ditempas ku sora kendang, dung plak dung plak, écés pisan. Dipungkas ku sora-sora goong, éar nu surak nu senggak, kakuping ramé pisan.

Loba jelema katipu.

Ti lembur nu beulah Kidul Gunung Kendang, saperti Cikareo, Bantarpeundeuy, jeung nu séjénna. Nu dek lalajo ngabring, manéhna nyangka aya kariaan di kampung Cibitung. Urang lembur Kaléreun Gunung Kendang, nyangkayénnu nanggap wayang téh di Cikarosea atawa Bantar peundeuy.

Burusut nu lalajo ngabring nuju ka beulah Kidul. Dijalan abrangan nu ti Kalér jeung nu ti Kidul pasanggrok, terus silih tanya, dimana aya nu kariaan téh. Masing-masing ting polongo, teu aya nu bisa ngajelaskeun. Terus baralik kalayan haténa marurukusunu keuheul ngarasa katipu.

Kaanéhan Gunung Kendang nyaéta balatak batu-batu nu siga kendang, goong, anggél, guguling, jeung gulungan kasur. Anu siga gulungan kasur réana aya opat bélas, anu nangtung anu ngedéng. Anu siga guguling panjangna hiji satengah méter. Gunung Kendang ayana di Désa Sukamukti Kacamatan Cisompét Kabupatén Garut, dikomplék Kahutanan nu katelah Blok Jagasatru.

# Jonggrang Kalapitung

Ku: Budi Rahayu Tamsyah

Hidep kungsi ulin ka Jatiluhur? Jatiluhur téh perenahna di Purwakarta. Di dinya aya bendungan anu lega. Katelahna Bendungan Jatiluhur. Ari anu dibendungna Walungan Citarum. Éta bendungan téh gedé pisan mangpaatna. Dipaké pikeun rupa-rupa kaperluan.

Caina dipaké pembangkit tanaga listrik, anu listrikna dipaké di sakuliah Pulo Jawa. Salian ti éta dipaké pikeun irigasi deuih. Nyaian sawah-sawah anu aya di kalér, saperti di Purwakarta, Karawang, jeung Subang. Terus parat nepi ka Bekasi jeung Jakarta. Malah cai beresih anu aya di éta wewengkon, umumna mah asalna téh ti Jatiluhur.

Teu saeutik deuih anu miara lauk di Jatiluhur, maké jaring anu disebut “kolam jaring terapung”. Jatiluhur ogé jadi obyék wisata andelan. Salian ti pamandanganana éndah, geus diwangun obyék wisata modern deuih. Saperti waterboom jeung kolam renang. Atuh keur nu resep nguseup, di Jatiluhur ogé loba tempat paranti nguseup.

Tapi jaman baheula mah, baheulaning baheula, cenah di sabudeureun Jatiluhur téh, masih kénéh mangrupa leuweung geledegan. Rembet ku kakayon, caranéom jeung geueumeun. Lolobana tangkal jati, galedé jeung jarangkung. Tangkalna sagedé-gedé beuteung munding. Can jadi bendungan cara ayeuna. Malah can aya lembur-lembur acan.

Leuweung sanget pikasieuneun. Anu matak tara aya jalma anu lunta-lanto ka dinya. Dina kapaksana ogé, teu weléh sanduk-sanduk ka nu ngageugeuh di dinya. Ari anu ngageugeuh di éta leuweung katut gunung-gunung di sabudeureunana, hiji lelembut titisan siluman jaman Sangkuriang. Ngaranna Jonggrang Kalapitung.

Awakna jangkung badag tanding gunung. Kulitna hideung lestreng tanding areng. Bulu kumisna sagedé-gedé tambang injuk. Buukna gimbal cawigwig ngarerewig. Kakara oyag lamun katebak angin baliung. Éstu pikagilaen jeung pikasieuneun pisan. Mun ngomong, sorana handaruan tanding gugur. Hésé ngabédakeunana, keur leuleuy atawa keur ambek.

Hiji mangsa Jonggrang Kalapitung aya kahayang, nyaéta hayang nguseup di Walungan Citarum, lantaran hayang ngadahar beuleum lauk. Tapi manéhna henteu bogaeun parabotna. Sanggeus ngahuleng sakedapan, pok ngomong, “Euweuh deui carana, aing kudu ménta tulung ka urang lembur.”

Jonggrang Kalapitung cengkat, tuluy leumpang ngajugjug ka lembur di sisi Walungan Citarum, nyaéta nu katelah Lembur Cisarua. Leumpangna bari ragag-rigig, henteu noli kana tincakeun sama sakali. Sato héwan pangeusi leuweung lalumpatan, sieun katincak ku buta titisan siluman.

Barang nepi ka birit lembur, tuluy hohoak ngageroan urang dinya.

“Héy, urang lembur, ka darieu, euy!” Sorana handaruan ka madhab papat. Ngadéngé panggero Jonggrang Kalapitung, teu sirikna sapangeusi lembur tamplok nyalampeurkeun.

Brek dariuk sarila, ngariung Sang Jonggrang Kalapitung. Pok kokolot lembur ngomong, “Aya pikersaeun naon Juragan téh, ngempelkeun abdi sadayana di dieu? Palay naon atuh Juragan téh? Mangga, abdi sadaya parantos sayogi, asal kadada-kaduga ku abdi sadaya.”

“Ha ha ha, hadé, hadé, caritaan téh. Tapi ulah nyebut Juragan, euy, da uing mah lain ménak. Ulah nyebut Bapa deuih, da lain pejabat. Uing mah hayang disebut Aa,” ceuk Jonggrang Kalapitung gumasép, bari muril-muril kumisna nu sagedé catang kalapa.

“Mangga, naon atuh kapalay Aa téh?” ceuk kokolot lembur, angger leuleuy.

Barabat atuh manéhna nyaritakeun kahayangna. Hayang nguseup di Walungan Citarum. “Geus lila Aa téh henteu ngadahar beuleum lauk. Mangkaning lauk Citarum mah girinyih,” ceuk Jonggrang Kalapitung. Nu matak, cenah, rék ménta tulung ka sakabéh urang lembur. Hayang dipangnyieunkeun useup anu gedé.

Paménta Jonggrang Kalapitung disanggupan. Sabab lamun henteu disanggupan, sieun Jonggrang Kalapitung ambek, tuluy ngamuk. Sabalikna lamun kahayangna ditedunan, éta siluman téh sok alus pamulang tarimana. Geus kitu mah urang lembur téh baralik. Tuluy babadamian jeung baturna, babagi tugas pikeun nohonan kahayang Si Aa.



Isukna, der baé digarawé, luyu jeung pancénna masing-masing. Kokolot lembur cuh-cih metakeun nu garawé. Anu kapapancénan nyieun useup, nyieunna tina urut jangkar kapal cai. Aya anu ngaragaji, sangkan elukna jadi hiji. Aya anu nakol, anu ngikir, anu ngahampelas. Kabéh digarawé sangkan useup térah réngsé.

Anu kapapancénan nyieun jeujeur, nyieunna tina awi gombong saleunjeur. Néangan awi gombong nu geus kolot, lantas jeung paranjang bukuna. Nuarna henteu sagawayah, tapi nurutkeun tatali paranti nuar awi. Dibawa ka lembur, terus dipigawé ku lobaan. Dipapas jeung dihampelas dihadé-hadé.

Anu kapapancénan nyieun tali useup, dijieunna tina lulub, tuluy digintir. Jadi tambang dadung gedé, saperti paranti nyangcang munding. Panjangna ratusan deupa. Ana digulungkeun téh, gulunganana sagedé gulungan kasur. Urang lembur digarawéna kaitung lila, aya kana puluh poéna.

Gancangna carita, éta jeujeur téh geus jadi. Terus baé digotong ka birit lembur, rék dipasrahkeun ka Jonggrang Kalapitung. Useupna digotong maké jajampanaan. Kitu deui jeung tali useupna. Ari jeujeurna dipanggul ku opatan. Salian ti éta, aya deui anu manggul eupanna. Nyaéta hulu munding pelén.

Ari srog ka birit lembur, kasampak anu ngéngkén useup téh keur saré, kérékna mani nyegrék tangka gagauran. Saréna luhureun batu cadas anu lémpar tur nyusun, saperti bangku jeung korsi, di sisi Citarum. Nepi ka ayeuna tempat saréna téh masih kénéh aya, anu ku urang dinya mah disebut batu korsi.

Ceuk sakaol mah éta batu téh, tempat babadamian para siluman. Malah kungsi dipaké ku Sangkuriang, basa ngayakeun babadamian jeung siluman-silemin, nu rék ngabendung Walungan Citarum, pameredih Dayang Sumbi téa. Siluman-silemin datang ti mana-ti mendi, ngabadamikeun pagawéan nyieun talaga.

Nénjo anu saré bari nyegrék gagauran, saurang ogé euweuh anu wani ngahudangkeun. Caricing baé di dinya ngadagoan hudangna. Malah nepi ka nyaung-nyaung sagala. Dijaga piligenti, ngajaga bisi anu saré hudang. Ari rék ditinggalkeun, kabéh ogé ngarasa risi. Sieun Jonggrang Kalapitung ambek. Mangkaning geus katotol babari ambek. Lembur jeung pangeusina bisa diburak-barik.

Sanggeus sabulan didagoan, kakara Jonggrang Kalapitung nyaring. Tuluy heuay bari nguliat. Sungutna calawak teu béda ti guha. Lalay jeung kapinis anu



nyayang dina kumisna, haliber katawuran, asa kagebahkeun. Kuniang manéhna hudang bari gigisik. Manéhna kagét nénjo loba jelema di sabudeureunana.

“Aya naon ieu téh, bet karumpul di dieu?” pokna.

“Nu mawi, abdi sadaya téh ngantosan Aa gugah. Ieu badé masrahkeun pesenan téa,” ceuk kokolot lembur bari rengkuh.

“Oh, heueuh, heueuh. Nuhun, euy. Alus pagawéan téh, kapaké ku Aa mah. Ari eupanna aya?” ceuk Jonggrang Kalapitung, bari ngilikan useup jeung talina.

“Aya, ieu hulu munding.”

“Alus, alus. Aa bungah kacida nénjo pagawéan maranéh kabéh. Keun, lamun engké geus bérés nguseup, ku Aa dibéré hadiah. Harayang naon, nyah?” ceuk Jonggrang Kalapitung.

Urang lembur mani réang, paheula-heula nyebutkeun kahayangna.

“Heueuh, engké ku Aa ditedunan kabéh ogé. Ayeuna mah Aana arék nguseup heula.”

Jonggrang Kalapitung nyokot jeujeur. Kana gombong téh mani kawas kana nyéré baé. Terus talina ditalikeun kana tungtung jeujeur.

“Useupna can dipasang ieu téh?”

“Teu acan A, beurat ku abdi sadaya mah. Kedah ku Aa,” témbal kokolot lembur.

“Heueuh, keun urang pasang ku Aa.” Useup anu sagedé jangkar téh dicokot, tuluy dipasang dina tungtung dadung.

Hulu munding dicomot, tuluy dilelepkeun kana useup. Lung baé dialungkeun ka Walungan Citarum, lebah leuwi anu pangjerona. Talina diulur nepi ka manteng.

“Ké lamun Aa meunang lauk gedé, ku maranéh kudu dipangmeuleumkeun, nya?”

“Mangga,” ceuk kokolot lembur.

“Keun, éta mah hadiahna ti Aa béda deui.”

Mimitina mah kokolot lembur téh bungah. Ngan lila-lila mah manéhna jadi bingung. Tayohna mah ku manéhna kapikireun. Laukna engké sagedé kumaha?

Eupanna ogé apan ku hulu munding. Paling leutik ogé, moal boa sagedé parahu. Kumaha meuleumna lauk sagedé kitu? Kokolot lembur mah uleng mikir, mikiran cara-carana meuleum lauk sagedé parahu.

Jonggrang Kalapitung nguseupna bari dilalajoan ku sakabéh pangeusi lembur. Nangtungna ngajégang. Sukuna nu sabeulah nincak gunung, ari nu sabeulah deui napak kana tangkal bungur anu kacida gedéna di sisi Walungan. Panonna anteng neutep kana cai walungan, ngarep-ngarep useupna disanggut ku lauk. Taya anu nyorang-nyorang acan.

Salila sabulan manéhna ngajega kitu; nepi ka gunung anu ditincakna jadi bongkok sarta tangkal bungurna ampir paéh, anu ku urang dinya mah disebut “sarang”. Anu matak nepi ka ayeuna, gunungna nelah baé Gunung Bongkok. Ariurut tangkal bungurna jadi pilemburan, anu nelah Lembur Bungursarang, bawahan Désa Cisarua, Jatiluhur.

Dina poé kaopat puluh useupna oyag-oyagan. “Alah, aya nu nyanggut, euy!” ceuk Jonggrang Kalapitung, atoh kacida. Urang lembur anu lalajo ogé milu atoh. Tuluy ngarogrog di sisi walungan. Harayang nyaho lauk anu nyanggutna. Moal salah deui, tangtu lauk badag.

“Ulah dareukeut teuing, euy, bisi kababuk lauk!” ceuk kokolot lembur ka batur-baturna.

Gancang baé atuh ku Jonggrang Kalapitung téh jeujeurna dicentok sataker tanaga. Ku lantaran tarik teuing nyentokna, useup téh ngacleng jauh pisan ka tukangeunana. Ngaliwatan leuweung jati anu kaina galedé, ngaliwatan sababaraha pasir di sabudeureunana. Ari useupna, teuing ragrag di mendi, da henteu katingali lebah-lebahna.

Dibetot bari dicentok-centok, hésé. Ari anu saenyana mah, éta useup téh ngait kana leuweung awi haur, anu aya di léngkob dua pasir tukangeunana. Ku Jonggrang Kalapitung dibetot sataker tanaga, nepi ka sakabéh haur di dinya kapangkas. Tapakna, kabéh haur jadi papak, lir anu beunang ngararata.

Nu matak nepi ka ayeuna di dinya mah tara aya haur anu jangkung sosoranganan. Upama kabeneran aya ogé, sok peunggas, jadi papak jeung nu séjénna. Nepi ka kiwari éta leuweung téh katelah ngaranna Leuweung Haurpapak. Hartina leuweung haur anu jangkungna papak.

Jonggrang Kalapitung penasaran, lauk naon anu nyanggut téh? Barang ku manéhna diilikan, horéng simanahoréng ukur lauk jelér. Asup kana lebah ceuli hulu munding anu geus jadi tangkorék.

“Bangkawarah siah, ngaheureuyan aing!” Jonggrang Kalapitung ambek-ambekan.

Lantaran keuheul, éta jelér téh dibalangkeun, nya ragrag di Lembur Cilélé, Désa Cisarua, Kacamatan Jatiluhur. Tah, tempat ragragna jelér téh jadi émpang, anu nepi ka kiwari ku urang Cisarua disarebutna téh Kubang.

Jonggrang Kalapitung terus ambek-ambekan. Sorana handaruan ka madhab papat, patingbeledag lir gelap salésér. Nyarékan laklak dasar kana jelér. Nyarékan bébéakan kana jeujeurna, anu cenah jeujeur geus diléngkahan jurig. Sungutna henteu daék balem, kutuk gendeng diselang-selang ku hohoak.

Ningali Jonggrang Kalapitung ambek-ambekan, urang lembur paburiset lalumpatan. Henteu noli kana nanaon deui. Terus mubus ka leuweung-leuweung. Néangan tempat anu jauh jeung buni. Sabab sieun kabarérang ku nu keur ambek. Sieun dipaké meupeus keuyang ku Jonggrang Kalapitung.

Ku lantaran teu meunang baé lauk gedé, lila-lila Jonggrang Kalapitung téh lapar. Beuteungna kukurubukan, sorana tarik teu béda ti sora tambur.

“Walah, aing lapar, yeuh! Geus lila aing teu baranghakan. Ka mana néangan hakaneun?” ceuk Jonggrang Kalapitung.

Jonggrang Kalapitung gegeroan, karepna rék ménta tulung ka urang lembur.

“Héééyyy, urang lembuur! Ka darieu, euy, aing ménta hakaneun!”

Tapi geus euweuh saurang-saurang acan, lantaran urang lembur geus kalabur, sarieuneun nénjo Jonggrang Kalapitung, waktu tadi keur ambek-ambekan téa.

Jonggrang Kalapitung beuki ambek baé. Keur kitu manéhna nénjo tangkal jéngkol. Kabeneran deuih buahna meuhpeuy leubeut. Henteu talangké, jéngkol téh dipupu, tuluy dikeremus sacanggeum-sacanggeum. Kabéh tangkal jéngkol anu aya di dinya, dipupu tangka béak jeung pentil-pentilna. Kakara eureun sanggeus taya nu nyésa.

Jonggrang Kalapitung diuk dina batu korsi. Na atuh barang rék kiih bet ngarasa nyeri. Horéng simanahoréng manéhna téh jéngkoleun. Manéhna gulang-guling

bari gagauran, nahan kanyeri anu pohara. Ménta tulung, ménta tulung ka saha, da di dinya ngan kari manéhna.

Bakating ku ambek, tuluy baé ngucapkeun supata, “Héy, tangkal jéngkol atah warah! Sia geus ngalantarankeun aing nyeri kiih! Ayeuna ku aing rék ditumpurkeun! Nepi ka iraha baé ogé, di daérah ieu tangkal jéngkol moal bisa jadi!”

Ceuk ujaring carita, sanggeus kajadian kitu mah, Jonggrang Kalapitung téh ngaleungit, leungit tanpa lebih, ilang tanpa karana. Ngan nepi ka ayeuna di wewengkon Cisarua, teu kungsi aya tangkal jéngkol nu bisa jadi, lantaran disupata ku Jonggrang Kalapitung.

Kitu cenah sasakalana téh.



# Sasakala Rawa Bening

Ku: Budi Rahayu Tamsyah

Di Jakarta Kidul aya hiji tempat, anu ayeuna katelah Rawa Bening. Anu matak dingaranan kitu, lantaran baheulana rawa atawa ranca. Éta ranca téh caina canémbrang hérang, anu ku urang Batawi mah disebut “bening”. Nya nelah baé ngaranna Rawa Bening. Nurutkeun sasakala mah, dongéngna kieu:

Baheula, baheula gé baheula pisan, di dinya téh mangrupa pakampungan. Imahna loba, jelemana ogé gegek deuih. Ari pacabakan sapopoéna, umumna kana ngolah tatanén. Jelemana masih kénéh palercaya kana sabangsaning lelembut jeung karuhun, masih kénéh ngagem kapercayaan buhun.

Unggal taun jelema di éta lembur, sok ngayakeun sidekah bumi. Maksudna minangka rasa sukur yén maranéhna geus dibéré kasalametan. Lamun henteu ngayakeun sidekah bumi, cenah sok aya matakna keur urang lembur. Sok aya baé mamalana keur saréréa, saperti caah atawa datang rupa-rupa kasakit.

Kacarita dina waktu sidekah bumi, sakumaha kabiasaan urang dinya, sakur lalaki anu jagjag indit ka leuweung, moro sato gedé ngarah dagingna, da sangu mah moal kakurangan, lantaran taun éta panénna mucekil. Éta daging rupa-rupa sasatoan téh, dijieun kadaharan keur sidekah bumi téa.

Bring atuh kabéh lalaki indit ka leuweung, mawa rupa-rupa pakarang keur moro. Aya anu mawa tumbak jeung kuli. Aya anu mawa gobang panjang. Aya anu ngan ukur mawa awi sateukteuk, congona diseukeutan saperti bamboo runcing. Geus puguh ari bedog mah, kabéh ogé mawa disorén na cangkéngna.

Ti subuh nepi ka tengah poé, maranéhna aya di leuweung, henteu manggihan sato hiji-hiji acan. Henteu banténg, henteu uncal, henteu manggih mencek-mencek acan. Padahal biasana mah di dinya téh kawilang loba sasatoanana. Malah banténg ogé tingdarangong.

Bari kacida haréraneunana, maranéhna ngariuhan handapeun kiara, lantaran geus ngarasa capé jeung panas. Aya anu nyarandé kana canir, aya ogé anu dariuk dina akar. Sawaréh deui gogolérana dina jukut, malah aya anu nepi ka nundutan sagala. Bawaning ku lunges jeung hareudang.



Aya salahsaurang nu hayangeun nyeupah, da baheula mah biasa lalaki nyeupah téh. Pék meulah jambé ku bedog dina akar. Jambéna beulah ngajadi dua, ari bedogna téa keuna akar, cer baé tina akar téh bijil getih. Lain geutah anu bijil tina akar téh, tapi ieu mah getih tur rupana ogé beureum.

Ari ku manéhna disidik-sidik, horéng akar téh bet sisitan. Sarta teu kungsi lila nguliat lalaunan. Ari dilieuk ka tebéh luhur, sihoréng oray sanca gedé pisan, aya meureun sagedé catang kalapa mah. Sungutna calangap, huntuna ranggéténg, létahna anu nyagak elél-elélan.

Gancang baé atuh jelema téh pahibut. Aya anu ngadéék, aya anu numbak, aya anu ngagebugan ku paneunggeul. Atuh henteu kungsi lila ogé, oray téh geus ngalonjor dina taneuh. Dagingna padangarecah ku saréréa, tuluy dibarawa balik ka imahna. Baralikan bari saruka bungah.

Ari daratang ka lemburna, jelema-jelema téh pak-pik-pek, ngolahkeun daging oray téa. Sawaréh diangeun, sawaréh ditumpeng, sawaréh deui dipanggang ditiiran. Maksudna keur sidekah bumi téa. Keun baé ku daging oray ogé cenah, da sarua ieu daging-daging kénéh.

Kacarita oray sanca anu tadi, sihoréng lain oray sanca samanéa, tapi oray sanca anu keur tapa. Barang jasadna geus paéh, sukmana salin jinis jadi budak buncir, tapi saurang ogé taya nu nyahoeun. Éta budak buncir téh awakna hideung, beuteungna bureuteu kawas nu cacingeun.

Sup budak buncir téh ka jero lembur, tuluy ngadatangan ka jelema-jelema, anu harita keur popolah daging oray. Budak buncir ménta dahar, tapi saurang ogé euweuh anu méré, lantaran urang dinya mah maredit, tara daék tutulung ka nu keur butuh, tara daék tatalang ka nu keur susah.

Tina banget peurih beuteung, éta budak buncir leumpangna jajarigjeugan. Tepi baé ka hiji imah anu nenggang, ari anu boga imah téh nini-nini. Nénjo kaayaan budak buncir kitu, nini-nini téh karunyaean pisan. Tuluy baé budak buncir téh dibéré dahar. Dahar saaya-saaya baé, kawantu nini-nini téh lain jalma aya.

Sanggeus rérés daharna, budak buncir téh hayang mulang tarima, pok baé ngomong ka nini-nini téa, “Nini, ingetkeun omongan kuring nya. Lamun engké aya bancang pakéwuh, Nini kudu buru-buru mawa pangarih, ti dinya indit ka saung lisung, sangkan Nini bisa salamet.”



Ti dinya budak buncir téh indit, balik deui ka lembur anu rék sidekah bumi. Manéhna nyampeurkeun ka barudak, anu keur arulin bari ngambéng kadaharan, rupa-rupa kadaharan tina daging oray téa. Aya anu ngambéng panggangna, aya anu ngambéng goréngna atawa paisna, aya ogé anu ngambéng cobékna.

Pok budak buncir téh ngomong, “Ka darieu barudak, tarénjokeun uing. Uing rék nancebkeun nyéré dina taneuh. Uing hayang nyaho saha anu bedas, nyaéta anu bisa nyabut ieu nyéré.” Budak buncir ngomong kituna téh, bari terus nancebkeun nyéré dina taneuh.

Barudak anu keur arulin saleuseurian, sabab maranéhna nyaraho, yén nyabut nyéré téh pagawéan énténg. Henteu kudu maké tanaga gedé. Salahsaurang budak ngomong kieu, “Ku uing éta nyéré rék dicabut, ngan lamun éta nyéré geus kacabut, manék rék dicabok ku uing.”

Ngadéngé omongan kitu, budak buncir némbal semu nangtang, “Pék tah lamun nyéré kacabut, uing cabokan ku saréréa. Ngan lamun henteu kacabut, kadaharan anu aya di maranéh, kudu dibikeun kabéh ka uing.”

Ngadéngé omongan budak buncir kitu, barudak téh kabéh ogé saleuseurian. Aya hiji budak anu peupeuleukeuk, awakna ogé panggedéna di antara nu séjén. Manéhna ngajago pisan, nyabut nyéré ku leungeun kénca.

Nyéré henteu kacabut. Ku dua leungeun, henteu kacabut. Nepi ka dugang-duging luut-léét késang, malah nepi ka prat-prét-prot hitut sagala, nyéré téh henteu onggét-onggét acan.

Ahirna éta budak téh nyerah, gancang eureun nyabut nyéréna, bari balahambéléhém semu éra. Dagingna dipénta ku budak buncir, henteu bisa ngorétkeun.

“Pék tah bisi aya anu rék nyabut deui, pilakadar ogé nyéré piraku hésé. Perjangjianana mah saperti tadi baé,” ceuk budak buncir ka barudak séjénna.

Budak anu séjén baganti, nyoba-nyoba nyabut nyéré, tapi kabéh ogé taya nu bisaun. Malah henteu onggét-onggét acan. Barudak téh kadaruhungeun, jaba ngarasa éra ku budak buncir, lantaran tadi geus nyacampah, jaba kadaharan lapur deuih, kabéh dipénta ku budak buncir.

Budak buncir kacida bungahna, henteu kungsi aya nu nyabok, malah meunang pirang-pirang kadaharan, tangka ranggém kénca katuhu. Ras budak buncir inget ka nini-nini, anu tadi méré dahar ka manéhna. Kadaharan téh dibikeun sawaréh

ka nini-nini, sawaréh deui didahar ku sorangan, bari diuk andékak hareupeun nyéré téa.

Barudak baralik ka saimahna-saimahna, aya anu nyarita ka kolotna, aya ogé anu nyarita ka lanceukna, aya ogé anu ngarita ka tatanggana. Nyaritakeun kaanéhan nyéré, anu dirancebkeun ku budak buncir. Sanajan ngan saukur nyéré biasa, tapi hésé pisan dicabutna, malah henteu bisa onggét-onggét acan.

Béja pabéja-béja, béja dibéjakeun deui. Antukna sapangeusi lembur nyaho. Kabéh ngarasa panasaran, bring baé atuh nyampeurkeun budak buncir, teu sirikna kabéh pangeusi lembur tamplok. Geus puguh lalaki anu jagjag waringkas mah, salian ti panasaran téh bari aya karep séjén, nyaéta hayang ngawarah budak buncir, anu geus ngarebut kadaharan barudakna.

Datang ka tempat anu dijugjug, kasampak budak buncir keur diuk, nyarandé kana tangkal kalapa, bari ngusapan beuteungna anu bucitreuk. Diukna nyanghareupan nyéré anu ahéng téa. Budak buncir henteu kagét henteu reuwas, katangan jalma anu sakitu lobana, lantaran geus disangka ti saméméhna.

Teu lila, torojol lalaki tengah tuwuh, anu dianggap kokolot di éta lembur. Pok éta kokolot téh ngomong, “Hé, Budak Buncir, mana nyéré, anu majar ceuk barudak anéh téh?”

“Tah, éta aya di hareupeun manéh,” ceuk budak buncir bari angger diuk, ngomongna siga ka sasamana baé.

Mireungeuh paripolah budak buncir kitu, kokolot lembur rada nyeuneu ogé, beungeutna tangka euceuy lantaran ambek.

“Ieu ku aing nyéré rék dicabut!” cenah.

“Hég baé ari manéh bisa mah!”

“Lamun ieu nyéré kacabut sia dicabok ku aing!”

“Hég baé ari bisa kacabut mah!”

“Dicabok ku saréréa, ku jelema salembur!”

“Hég baé, uing mah henteu sieun!” Budak buncir ngomongna angger teugeug.

Pok budak buncir ngomong deui, “Ngan lamun henteu bisa kacabut, kabéh daging jeung kadaharan séjénna, anu aya di manéh kudu dibikeun ka uing!”

Ngarasa ditangtang jeung dihina basa, kokolot lembur buru-buru nyabut nyéré. Tangka dugang-duging jeung boborot késang. Boro-boro kacabut, teu onggét-onggét acan. Ahirna mah kokolot lembur boboléh.

Kabéh anu narénjokeun ngarasa panasaran, pangpangna mah lalaki anu jagjag waringkas. Saurang-saurang maju rék nyabut nyéré. Hasilna sarua jeung nu enggeus-enggeus, euweuh anu bisaen nyabut nyéré, malah loba anu kawiwirangan. Aya anu nepi ka dut-dut hitut, aya anu nepi ka wér-wér kiih. Teu saeutik anu ngajengkeun béak tanaga.

Kabéh sapangeusi lembur tingharuleng. Kumaha carana nyabut éta nyéré, sabab lamun euweuh nu bisa nyabut, kabéh bakal karurugian. Daging jeung sakabéh kadaharan, anu diajangkeun keur sidekah bumi, kudu dipasrahkeun ka budak buncir. Atuh meureun moal jadi sidekah bumi téh.

Keur tingharuleng kitu, torojol aya jajaka jangkung badag, kawéntar tukang gelut tukang jogol. Tong boronong jogol jeung jelema, dalah jogol jeung banténg ogé, can kabéjakeun kungsi kawiwirangan. Dagat-digil jeung bedegul, peupeuteuyanana ogé beberihalan, bitisna deuih babalingbingan.

Nénjo jajaka anu anyar datang, kabéh sapangeusi lembur surak, surak bakating ku bungah. Pangrasana bakal aya anu bisa ngajait tina karurugian jeung wiwirang. Piraku cenah jelema salembur, bisa kadéséh ku budak buncir hiji.

Éta jajaka anu anyar datang téh, anu keur meujeuhna buta tulang buta daging, terus singkil bari rada gumasép. Boga rasa pangbedasna pangrongkahna. Pék nyabut nyéré hareupeun budak buncir. Sakali, dua kali, nepi ka puluhan kalina, nyéré angger henteu bisa kacabut. Tungtungna waléh baé teu sanggup, tanagana geus méh beak.

Kabéh jelema tingharuleng deui. Tuluy tingharéwos jeung padabaterna. Néangan akal satékah polah, sangkan henteu kudu nedunan jangji, wantuning kabéh pangeusi lembur téh, jelema korét jeung kawéntar tukang licik. Maranéhna embung karoroncodan, daging jeung sakabéh kadaharanana, kapimilik ku batur nyaéta ku budak buncir.

Pok wé kokolot lembur téh ngomong, “Ayeuna mah kieu baé, saréréa kudu sapuk jeung uing. Éta nyéré ditancebkeun ku budak buncir, jadi kudu dicabut deui ku budak buncir. Lamun éta nyéré henteu kacabut, urang saréréa henteu kudu masrahkeun daging jeung kadaharan ka budak buncir.” Kabéh sapuk kana omongan kokolot lembur.

Ngadéngé caritaan kokolot lembur kitu, budak buncir ngahuleng sajongjongan. Ku manéhna kahartieun, éta téh siasat. Sanajan éta nyéré kacabut ogé ku manéhna, urang lembur can tangtu nohonan jangjina. Sarta lamun geus bisa kacabut, tangtu bakal aya paméntana anu séjén. Bisa jadi paménta anu pamohalan pisan.

Sanggeus mikir kitu, budak buncir ngomong, pokna, “Heug, ieu nyéré ku uing rék dicabut. Uing nyaho maranéh kabéh bakal jalir jangji, lantaran boga sipat hawek jeung licik. Ngan lamun ieu nyéré geus kacabut, maranéh kabéh bakal musna, minangka hukuman jelema-jelema, anu hawek jeung sok ngalicikan ka batur. Ngan saurang di lembur ieu nu bakal salamet.”

Barang éta nyéré dicabut ku budak buncir, cer baé cai mancer tina urutna, beuki lila beuki ngagedéan, sarta tuluy leb-leban minuhan lembur. Antukna éta lembur téh jadi situ. Jelema katut imah-imahna kabéh kakelem. Ari budak buncir téa mah, les baé ngaleungit lir anu diteureuy lemah.

Ngan nini-nini saurang anu salamet téh, anu diingetan ku budak buncir téa. Barang ngadéngé nu tinggorowok, nini-nini mawa pangarih ti dapur, terus lumpat ka saung lisung. Manéhna tumpak lisung dina cai, ngaboséh ku pangarih, salamet henteu kakelem ku cai.

Saurang ogé taya nu nyaho, geus sabaraha lilana éta kajadian téh, tangtuna ogé mangratus-ratus taun. Éta situ téh lila-lila jadi déét, anu disebut ranca atawa rawa. Ku lantaran caina kacida hérangna, anu ku urang Batawi mah disebut “bening”, nya katelah baé ngaranna Rawa Bening.

Kiwari mah Rawa Bening téh, geus jadi deui lembur anu kacida gegekna. Malah geus jadi dayeuh anu kawilang ramé. Imahna ogé geus lain imah panggung deui, teu saeutik gedong-gedong anu jarangkung. Sanajan kitu, méh unggal taun sok jadi situ, lantaran kakelem ku cai cacaahan ti girang, komo lamun usum ngijih anu pohara mah.

# Sasakala Arca Domas

Ku Budi Rahayu Tamsyah

Di Gunung Cibodas, Kabupatén Bogor, aya arca batu pirang-pirang lobana. Disebutna Arcadomas. Baheula mah cenah lobana téh dalapan ratus. Hartina domas nyaéta dalapan ratus. Jeung ceuk béja deui, nu jadi éta arca téh kabéh ogé urang Pajajaran, anu henteu daék anut agama Islam.

Cenah mah sasakalana téh kieu:

Jaman baheula, aya karajaan gedé. Katelahna Karajaan Pajajaran. Dayeuhna aya di wewengkon Bogor ayeuna. Sakurilingna dipager kuta kacida tohagana. Kaca-kacana aya di unggal madhab. Sarta unggal kaca-kaca dijaga ku perjurit, anu tohaga jeung samakta pakarangna. Saha baé anu rék asup ka jero dayeuh, kudu ngaliwatan heula éta kaca-kaca.

Ari anu jadi raja di Pajajaran harita, Kaceluk jujulukna, Sang Prabu Siliwangi. Sang Prabu sarahayatna ngaragem agama Hindu. Agama anu diagem ku bangsa urang harita. Lain baé di sakulian Pulo Jawa, tapi ogé méh di sakuliah Nusantara deuih. Éta agama téh asalna mah ti India. Asupna ka urang geus ti béh ditu mula. Dibawa ku bangsa India anu daratang ka urang.

Tapi di sawatara tempat mah, geus aya anu ngagem agama Islam. Harita geus dug-deg karajaan-karajaan Islam. Upamana baé Demak, Cirebon, jeung Banten. Kitu deui jeung Palabuan Sunda Kalapa, anu geus kaeréh ku Banten. Di dinya mah geus loba anu ngagem Islam. Ari agama Islam sumebarna di urang, utamana mah lantaran yasana Wali Sanga.

Karajaan Islam anu natangga jeung Pajajaran, nyaéta Karajaan Banten, nu dirajaan ku Sultan Hasanudin. Ari puseur dayeuhna di Surosowan, anu perenahna deukeut ka basisir Banten. Dina tempo anu singget Karajaan Banten geus ngajanggélék jadi karajaan anu gedé. Agama Islam dijadikeun agama resmi karajaan.

Sultan Banten kagungan niat, palay ngislamkeun Karajaan Pajajaran. Nya anu pangheulana kudu diajak asup Islam téh, tangtu baé rajana, nyaéta Prabu Siliwangi. Da lamun rajana geus ngagem agama Islam mah, tangtu rahayatna



bakal naluturkeun. Tuluy baé atuh Sultan Banten téh ngirim utusan. Éta utusan mawa surat keur ka Prabu Siliwangi.

Kacarita utusan téh geus nepi wé ka Pajajaran. Suratna tos katampi ku Sang Prabu Siliwangi. Teras suratna diaos kalawan antaré. Ari ungelna éta surat, nganaséhatan supados Sang Prabu sareng rahayatna énggal-énggal anut agama Islam. Lamun henteu kitu, tangtu bakal dirurug ti Banten.

Sang Prabu henteu mindel sedakapan. Anjeunna maphum yén balad Banten tohaga tur samakta pakarangna. Cindekna mah lain lawan-lawaneun. Tapi tawis raja anu henteu dijajah, tur maksudna ngabéla kayakinan, yén agama Hindu taya dosana, éta naséhat ku anjeunna ditolak sapadamayan.

Ari anu mawa surat ti Banten téa saenyana urang Pajajaran kénéh, ngan geus lila ngumbara di Banten. Malah geus ka Mekah sagala, ngajéroan ngulikna agama Islam téh. Geus kaasup alim gedé, nelah jenenganana Kéan Santang. Kaasup salahsaurang kepetengan Sultan Banten.

Samulangna Kéan Santang, Prabu Siliwangi ngempelkeun para ponggawa, mantri, sénapati, katut kapetengan lianna. Ngabadantenkeun saniskara pasualan nagara. Patali jeung ditolakna naséhat Sultan Banten. Moal henteu, saurna, Banten tangtu ngarurug. Najan waktuna tacan pasti, tapi sawadina kudu iatna ti ayeuna.

Sang Prabu nimbalan sénapati pangluhurna, anu jenenganana Norogol, supaya nohagaan bénténg pertahanan. Sawatara kapala perang geus diparéntah, kudu ngajaga liliwatan di pagunungan, supaya musuh ulah bisa nobros ka Dayeuh Pajajaran. Harita kénéh paréntah Sang Prabu dilaksanakeun. Pajajaran sayaga nadah panarajang musuh.

Kacaritakeun Wirakarta, nyaéta hiji kapala perang nonoman, ngaraos hémeng lantaran ku nu jadi sénapati henteu diparéntah nanaon. Anjeunna aya sangkaan yén anu matak kitu téh, lantaran anjeunna sadérék Kéan Santang, anu geus meunang jujuluk “Macan Nusa Jawa”, tina gedé wawanénna kasartaan ku gagah perkosana.

Wirakarta banget panasaran, tur ngaraos kawajiban ngabéla lemah cai, anjeunna énggal medekan ka Sang Prabu, nyuhunkeun dipaparin damel kaperjurit. Dihenteu-henteu ogé, anjeunna rahayat Pajajaran. Sanajan jeung Kéan Santang katalian babarayaan, hate leutikna mah manteng ka leman caina.



Sang Prabu badanten jeung Sénapati Norogol, sarta énggal Wirakarta kénging paréntah, kedah ngajaga kaca-kaca beulah kulon. Tapi waktuna ngamimitian ngajaga, saur Norogol, kudu nunggu paréntah deui. Wirakarta mungkur ti payuneun Sang Prabu. Paromanna alum ngemu kabingung.

Sumping ka bumina, Wirakarta teu senang manah, nepi ka teu barangtuang barangleueut. Haténa marudah gulinggasahan. Dipaksakeun kulem teu tiasa peureum. Tengah peuting anjeunna tapakur, neneda agungna ka para déwa, sangkan Sang Prabu ulah cangcaya. Sanggeus meunang tujuh peuting, paréntah nu dianti-anti henteu ngabukti, Wirakarta leungit kasabaranana.

Tuluy nulis surat dina daun lontar, ditulis ku péso pangot. Geus réngsé, diasupkeun kana ruas, sarta ditutup ku malam rapet pisan. Terus dibungkus deui dibuni-buni.

Wirakarta maréntah gandéka, gandék anu jadi kapercayaanana, pikeun nganteurkeun éta surat. Anu ditujul Kéan Santang di Banten. Sanggeus nampa surat, si gandék indit gagancangan. Kaluar ti Dayeuh Pajajaran rerencepan.

Éta gandék geus nyahoeun, yén di mana-mana geus dijaga ku perjurit. Perjurit Pajajaran anu samakta pakarangna. Lamun seug suratna téa katangkep, tangtu manéhna bakal ditangkep, dununganana ogé geus pasti bakal kabaud. Dianggap geus hianat ka nagara, hukumanana anu pasti, nyaéta hukum pati.

Tapi tina percékana éta gandék, manéhna bisa salamet nepi ka Banten, sarta gancangna carita, geus diaos suratna ku Kéan Santang. Kéan Santang kacida bungahna, barang uninga éta surat ti Wirakarta. Komo saparantis uninga ungelna mah. Mutuh matak pikabingaheun manahna.

Ari ungel éta surat nyarioskeun, yén pangagung di Pajajaran, kalebet Sang Prabu Siliwangi, ngandung curiga ka Wirakarta, nepi ka matak salempang pibalukareunana.

“Ku margi éta,” cék Wirakarta nutup suratna, “mugi-mugi Kang Raka kersa maparin bongbolongan.”Dicaritakeun deuih yén ayeuna Wirakarta, kapapancénan ngajaga kaca-kaca Beulah kulon.

Kéan Santang nyaur sajeroning manah, “Alamat hadé, yeuh. Aing datang ka Pajajaran kudu nyorang kaca-kaca beulah kulon. Ayeuna éta kaca-kaca dijaga ku adi aing, atuh sasat ngan kari asup.” Harita kénéh anjeunna ngawalonan serat.

Wirakarta diwujuk biluk ka balad Banten, sarta baris meunang ganjaran ti Sultan.

Dina malem Ahad-Legi tanggal lilikuran, Kéan Santang katut lima ratus perjurit, kira wanci kongkorongok hayam sakali, tangtu geus aya di Pajajaran, deukeut kaca-kaca kulon. Lamun aya anu ngetrok kana panto kaca-kaca, kudu gancang-gancang dibuka, sangkan balad Banten bisa asup ka jero karaton. Kitu ungelna surat walonan ti Kéan Santang téh.

Teu kacatur di jalanna, nu mawa surat geus datang deui ka Pajajaran, jeung suratna geus dibuka ku Wirakarta. Anjeunna bingung, manahna marojéngja. Ras ka Raja anu jadi pupundénna, ras deui ka lemah cai anu kudu dibélaan, tapi ras ka diri pribadi anu teu aman, jeung ras ingét ka Kéan Santang, sadérékna. Wirakarta henteu gancang nyieun putusan.

Kacarita tengah peuting nu kaungel dina surat, Wirakarta aya di tukangeun panto kaca-kaca. Wanci kongkorongok hayam sakali, aya nu ngetrokan panto kaca-kaca. Bray pantona dibuka lalaunan, sup Kéan Santang asup rerencepan, dituturkeun ku balad-baladna. Harita téh keur meujeuhna tiris. Lolobana perjurit sararé tibra, ngan saeutik anu kagiliran nyaring, ngajaga mundar-mandir. Anu matak balad Banten bisa laluasa, arasup ka jero Dayeuh Pajajaran. Teu hésé ngala bongohna anu keur jaga.

Barang musuh geus arasup, nu sararé buru-buru digeuingkeun, tapi lapur méméh nyarekel pakarang, balad Banten geus nyarampak di dinya, terus baé disabetan ku balad Banten. Loba anu maot sapisan sapada harita. Anu salamet buru-buru lumpat, laporan ka Sénapati Norogol.

Norogol énggal-énggal angkat ka karaton. Sang Prabu Siliwangi digugahkeun, diunjukanan langkung saé lolos ka palih wétan, margi nuju perang campuh palih kulon. Balad Pajajaran keur perang adu hareupan, ngalawan balad Banten anu bisa norobos kuta. Najan geus biasa tandang di médan perang, harita mah Sang Prabu séjén wirasat, ngaraos perlu ngadangu kana piunjuk Norogol.

Énggal baé Sang Prabu lolos sagarwa-putra, medal ti Dayeuh Pakuan lebet ka leuweung. Abdi-abdi anu seja bélapati pada ngiring. Sapangeusi karaton teu sirikna dikerid peuti. Angkat rurusuhan ka palih wétan. Sababaraha perjurit pinilih nyarengan, ngaping ngajaring Sang Prabu sagarwa-putra. Teras mapay-mapay leuweung geledegan, anu engké brasna ka Gunung Cibodas.

Bray beurang, burudul balad Banten daratang, jumlahna loba jeung pakarangna samakta. Der merangan jelema nu di luareun karaton. Saha-saha anu teu daék anut Islam, geus ulah ngarepkeun hirup. Jadi parab pakarang harita kénéh. Antukna teu saeutik rahayat Pajajaran, anu anut Islam sapada harita.

Tapi henteu saeutik deuih rahayat anu lolos. Pirang-pirang réana marubus ka leuweung. Aya anu milu jeung Sang Prabu Siliwangi, aya ogé anu leumpang sakaparan-paran. Atuh Dayeuh Pajajaran téh ngadadak sepi. Di karaton geus parongpong. Ngan Sénapati Norogol anu tanggoh, kawas nu hoyong uninga jajatéan musuh.

Barang nepi Kéan Santang ka karaton, rék mintonkeun kagagahan, jadi lémpés, sabab ningali Norogol teu gedag bulu salambar, teu mundur satunjang béas, tanda perjurit lineuwih pilih tanding. Lain lawan-lawaneun perjurit atah-atah, lain sanghareupaneun méméh sasara. Lain unghakeun.

Sanggeusna papayun-payun, Kéan Santang uluk salam, pok Kéan Santang nyaur kieu, “Ieu kaula gaduh iteuk bantun ti Mekah, badé ditancebkeun kana taneuh. Mangga ku sampéan cabut. Upami kénging dicabut, tawis sampéan ngagem agama suci, nanging upami teu kénging, sampéan kedah anut agama Islam.”

Sanggeus iteuk ditancebkeun, Norogol ujub bakal kacabut, sabab kabedasanana pilih tanding. Tapi barang dicoba-coba, bet iteuk téh teu onggét-onggét acan. Sababaraha kali ditarik, éta iteuk kalah beuki jero nancebna. Tungtungna anjeunna waléh, rumaos kadéséh ku Kéan Santang.

Énggal amit ka Kéan Santang, rék ngabujeng Sang Prabu Siliwangi, malahmandar kersaeun anut Islam. Leumpang ngagedig gagancangan. Nyorang leuweung geledegan, mpir pasir ngeumbing jangkar. Jungkrang-jungkrang geus kasorang. Anu disungsi can kapanggih baé.

Heuleut sawatara poé, Sang Prabu téh kasondong ku Norogol, nuju ngarereb di Gunung Cibodas. Sanggeus kitu, Norogol unjukan, nguningakeun peperangan, ti wiwitan nepi ka wekasanana, kitu deui hal jajatéan Kéan Santang. Norogol umajak ka Sang Prabu, supados kersa anut Islam.

Sang Prabu mindel sakedap, nembé sasauran ka garwa-putra katut pangiringna. “Kami nyaho, yén di dunya taya nu langgeng. Marga kersa Nu Murba Wisésa, ayeuna agama Islam kudu nanjung. Lamun terus perang sadulur, matak ancur tutumpuran, matak ruksak matak rugi ka saréréa.”

“Maranéh kabéh kumaha raga katineung, meunang milih agama nu mana baé. Ari kami neneda ka Mahadéwa, nyuhunkeun asup ka Suralaya.”Harita kénéh Sang Prabu Siliwangi téh, les leungit tanpa lebih ilang tanpa karana. Leungit jirimna, anu sok disebut ngahiang téa.

Nu kanton bati melengek, nalangsa taya hinggana, prihatin taya tandingna. Sawaréh indit ti dinya, laleumpang saparan-paran, nuturkeun indung suku.

Sawaréh cicing di dinya, ngarep-ngarep sugan panutan sumping deui. Tapi kawas geus kersa Maha Kawasa, anu ninggalkeun manéh di Gunung Cibodas, salin jinis kabéh jadi arca batu, sarta nepi ka ayeuna disarebut Arcadomas. Anu matak disebut Arcadomas, ti heula ogé geus disebutkeun, lantaran réana éta arca, dalapan ratus.

Ari nu neruskeun mubus, lila-lila narepi ka Cibéo, ngahiji jeung urang Kanékés, nu asal ti Banten-Kalér, waktu rajana nu katelah Pucuk Umun, kadéséh ku urang Islam. Urang Kanékés téh sok disebut urang Baduy. Padahal maranéhna mah leuwih resepeun, lamun disarebut urang Kanékés baé.

Sanggeus urang Pajajaran anut Islam, Kéan Santang terus ngislamkeun jelema-jelema, leumpang mapay-mapay pagunungan, terus nepi ka basisir kidul. Ngajarkeun Islam di sawatara tempat, lamun geus dianggap réngsé, éta tempat ditinggalkeun, néangan deui tempat anyar, anu jelema-jelema anu can ngagem Islam.

Deukeut Teluk Cilaut-Eureun, di basisir kidul Pameungpeuk, aya batu urut calik Kéan Santang, waktu anjeunna jumeneng raja di Sancang, jujuluk Sang Prabu Gagak Lumayung. Ari pasaréanana ayana di Kampung Godog, teu pati jauh ti Kota Garut, sok loba anu jarah, utamana bulan Mulud.

## Sasakala Curug Sindulang

Desa Sindulang teh geus aya ti baheula keneh, ti jaman prasejarah atawa animisme jeung dinamisme. Pacabakan karuhunna teh kana tani, ngan sok pipindahan. Upama mimiti ngagarap ieu tempat, eta tempat geus goreng dipelakanana maranehna sok pindah deui ka tempat sejen. Kitu jeung kitu we pagaweanana teh.

Dina hiji waktu karuhunna teh tepi ka hiji tempat nu masih keneh mangrupa leuweung gerot, tapi hade lamun dipake tatanen jeung padumukan. Nya ahirna mangtaun-taun tetep tumetep, ngan aya sababaraha urang nu pindah ninggalkeun eta tempat. Atuh anu cicing teh ngan sababaraha umpi deui, ngan jangji cenah rek nuturkeun pindah upama hasil tanina geus kaala.

Harita nu jadi ketua kelompok istri wastana Nyi Mas Jambe Larang, ari carogena Embah Sara Aria Tunggal. Waktu harita Embah Ssara arang langka aya di tempat. Sok ngider bae, sakalieun balik ge sok ngajirim sasatoan, bubuhan manehna mah bisa mancala putra mancala putri. Anjeunna boga budak hiji, ngan can nyahoeun dirupa bapana, da ku indungna bapana teh dirusiahkeun pisan, ulah waka nyaho bapa.

Hiji waktu anakna teh geus nincak dewasa. Barang ningali aya si Tumang ngagabrungan ka indungna, si anak teu antaparah deui manehna mesat pedang, tuluy disabetkeun ka si Tumang. Antukna si tumang teh pinanggih jeung ajal. tapi geus ajal mah si Tumang teh dadak sakala leungit sapada harita, ngan Nyi Jambe Larang keukeuh teu daek ngadongengkeun eta kajadian ka nu jadi anakna.

Nyi Jambe Larang ngarasa sedih ku ayana eta kajadian. Waktu bulan purnama, manehna niis di buruan. Dadak sakala aya nu murag ti langit, persis kana lahunana Nyi Mas Jambe Larang. Bari kaget tur reuwas barang nu murag teh di cokot, tuluy dialak-ilik. Ari ku manehna dibuka manahoreng nu murag teh hiji cinde (saputangan, salempay).

Nyi Jambe Larang ngahuleng, bari nyebut-nyebut cinde tuluy manehna neuteup bulan nu keur caang moncorong sarta teu poho oge nyebut-nyebut wulan (bulan). Lamun dihijikeun mah ucapanana teh jadi 'cinde wulan'. Eta kekecapan teh diucapkeun sababaraha kali. Nya nu ahirna eta tempat teh



dingaranan “Cinde Wulan”. Cinde hartina saputangan, ari wulan hartina bulan purnama. Jadi, Cinde Wulan teh hartina saputangan nu caangna seperti bulan purnama.

Sanggeus Nyi Mas Jambe Larang mere ngaran eta tempat, manehna inget kana jangji yen rek nuturkeun rombongan nu ti heula geus indit. Manehna terus indit, ngan leungiteun tapak. Ku lantaran terus-terusan diteteangan, nya ahirna mah papanggih oge jeung rombongan teh. Ngan eta rombongan teh rek baralik deui ka tempat asal waktu Nyi Mas Jambe Larang ninggalkeun eta tempat.

Satepina ka eta tempat, nu harita mah padumukna geus loba pisan, sarta merlukeun hiji pamingpin, nya ahirna ngangkat hiji lurah. Ku lurah anyar eta tempat teh diganti ngaranna, lain Cinde Wulan, tapi Cindulang, nu hartina mah sarua keneh saputangan nu caang moncorong seperti bulan purnama. Ngan sabada aya penjajahan Walanda jeung Jepang eta tempat teh robah ngaranna jadi Sindulang.





# Centangbarang

Ku: Rais Purwacarita

Geus sabulan Palembang Gunung neang luang pikeun nelasan Prabu Talaga Manggung nu sasat mitohana, tapi angger teu panggih. Citrasinga nu sasat geus lila kumawula ka raja, angger teu apal dimana permati raja teh. Lila-lila meunang beja, cenah nu apal kana pati Prabu Talagamanggung teh iwal ti abdi kinasih raja, Ki Centang Barang. Geus sabaraha kali diolo dibelaan ngupahan jalma nu dianggap dalit jeung manehna, tapi kabeh ge lakeuk teu beubeunangan. Palembang Gunung beuki panasaran.

Geus manggih beja kitu mah, hiji mangsa, eta abdi kinasih Prabu Talagamanggung teh dihiras ka Kapatihan pikeun ngawangkong gusti senapati, Arya Palembang Gunung. Rada hareugeueum asalna mah diondang ka padaleman mangsa janari leutik, kawas aya pancabaya nu mokaha nu ngancam nagara. Meuni ngalaleper nampa pangbeluk gusti arya teh. Hate dagdigdug tutunggulan, awak ngeleper asa teu puguh rasa. Nyanghareupan patih nu kawentar telengesna, sahaok kadua cabok teh lain bobohongan. Mangka ayeuna ngagerona teh liwat tengah peuting, kawas taya deui isuk. Tangtu ieu teh aya hal nu penting liwat ti penting. Boa ayeuna tungtung hirup teh. Saha nu teu nyangka ka dinya atuh. Da geus pada nyaho kumaha talajak ieu patih pamabokan teh.

“Sampurasun nun. Tuang kuring cunduk seja sumujud,” Centangbarang nu kakara mancat kana punden pamengkang harempoy ngesod, cedok nyembah nawiskeun ajrih. Kesang tiis ngorolok dina tonggongna wuwuh jibrug, ngahiuk bau tina kampret poleng nu hapeuk bakat ku carang dipake.

“Rampes! Bagea sumping Mamang Centangbarang, yap ka dieu rada deukeut,” Palembang Gunung budina bear marahmay beda cara ti sasari. Make mapagkeun ka lalawangan sagala.

Centangbarang sod ngesod kahareup ngadeukeutan korsi pangdiukan senapati. Diukna merenah, dina dadampar permandani nu rineka sing sarwa rukmi. Rada aheng ningali laku Ki Patih sarupa kieu teh. Make marahmay ngajak seuri sagala. Lakadalah aya naon yeuh, Centangbarang ngagerentes hatena pinuh ku rupa-rupa patalekan.

“Salse we Mamang. Kop tah nginum heula cai lahang cai mawar dina cangkir perak paragi kula,” Palembang Gunung enyaan peuting ieu mah keur leungiteun jurigna. Centangbarang asa teu gararenah hate nyeueung obahna kabiasaan senapati nu sakitu dipikainggisna ku jalma sapangeusi karaton.

“Sumuhun darma nganuhunkeun kana panyaur, nampi timbalan gusti panutan,” cong deui Centangbarang nyembah.

“Enya sukur ari turut keneh ka kami mah tanda Mamang teh abdi satia nagara. Salse we Mamang. Ukur hayang dibaturan kawas Mamang maturan Rama Prabu we geuning kumaha.” reg heula ngarandeg, neangan pikecapeun nu merenah

“Teu maksud ngalalangkungan. Suku sambung laku biwir sambung lemek, darma rokrak dinyawaan. Ngiringan sapaneda,” cong deui Centangbarang nyembah. Bray hatena ngagebray caang. Geuning pimilikeun nu nyampeur ka aing teh. Asa teu kungsi ngimpi dipapagkeun Nini Anteh ngurilingan caangna bulan. Ti mana jurig mawa kudana ieu teh? Sajeroning tungkul hate Centangbarang rame noroweco mapantes sagala rupa.

“Heueuh sukur atuh ari kaharti mah. Tah ieuh kula mere duit sapundi emas. Bisi gering jadi pikir. Era ku pesen Ama Prabu, nitip Mamang panguruskeun,” Song duit sapundi emas dibikeun. Centangbarang ukur olohok ngembang boled asa teu percaya kana penenjo nu teu sasarina. Nu diintip pati ari nu datang bet cahaya kabagja. Bet asa patukang tonggong jeung sangkaan ieu mah.

“Sapundi emas? Ambu-ambu, atuh bisa hirup sapuluh usumeun bari sila ipis, teu mikir nyeblok teu mikir tandur,” gerentes hate Centangbarang, kacuriga hatena mimiti pupul lantaran kabeuli ka kaheman gusti arya. Geus poho kana wiwitan, ku naon Ki Arya jadi robah pamulu.

Cedok nyembah, ngesod mungkur. Geus tepi ka lalawangan cong deui nyembah. Muntirkeun badan bari mageuhan sabuk, kotok nonggeng dipurekkan sangkan teu kagok ngalengkah.

Geus aya lima langkah mungkur ti pamengkang, Gusti Arya ngadeg laju ngagero deui.

“Aeh, Mamang ! Mamang, ke heula ketah. Bet aya carita nu can anggeus. Kula teh poho. Yap ka dieu deui. Gage heula ka dieu Mang”

Centangbarang meh-mehan tisiblek dina jalan lumutan kawantu harita teh bulan keur poek teu kaciri tincakeun. Kari-kari pikiran keur malaweung, ngajaul ka uwung-uwung ngayangkang di awang-awang kasered ku impian endah ngararampa kumaha jeung ka mana bakal saba ngabalanjakeun pundi emas.

“Yap Mang, gek diuk deui. Aya nu poho puguh ge can kabadamikeun. Kakara sakolepat bieu pikiran kieu teh holna,” Palembang Gunung ngagupay Centangbarang sangkan diuk deui dina urutna. Sanggeus merenah kakara Palembang Gunung mapaes carita sangkan dipercaya boh ku ingkang garwa pon kitu deui ku Centangbarang.

“Lain Mamang, Kami teh bet ras kapikiran. Mun enya aya karaman nu bakal ganggu ka nagara. Aya bajo nu niat ngarempug nagara. Kumaha urang rek peta?”

Centangbarang semet tungkul teu bisa nembal kana pananya. Lain pikiraneun aing nu kieu mah atuh.

“Teu maksud ngalalangkungan. Bok bisi teu tepi pikir. Rumaos tuang kuring mah pikirna ukur saaub payung sacaang damar. Nya heureut nya rupek.”

Palembang Gunung seuri ngeunah.

“Lain kitu Mamang, luang mah lain tina bool entog tapi ti papada batur. Ayeuna mah urang pada pikiran sangkan nagara salamet bisa ngabendung bancang pakewuh. Aya nu aneh Mang. Saban Rama Prabu suwung di nagara sok aya bae nu niat aniaya ka nagara. Sugan Mamang apal, naon atuh nu jadi tanjeuran nagara teh? Kudu kakoreh peuting ieu jawabanana ku Mamang sabab nagara teh keur bener-bener kaancam bahaya.”

Centangbarang ukur unggeuk-unggeukan. Teu apal kumaha kudu nyarita da bakat ku teu apal tea.

Geus rada lila paheneng-heneng taya nu ngajawab taya deui nu nanya. Pok deui Palembang Gunung nanya.

“Kumaha Mamang? Apal sugan?”

Centangbarang bati pias, karasa bujurna kokompodan. Boa leupas deui emas teh. Malah leuheung basa mun ukur emas nu leupas, kumaha mun pati pigantieunana. Ngan eta nu kapikir dina hatena.

“Eum teu apal nya,” ngaheneng heula sakeudeung, ngatur waktu jeung siasat. “Ke... ke... kumaha lamun Wesi Kuning Kyai Sanggabuana? Ari eta naon kasiatna?”

Bray hate Centangbarang muka. Lelembutanana kumpul deui. Nu kitu mah ngan manehna nu apal. Cong nyembah.

“Paralun gila ku ajrih, teu maksud mapatahan ngojay ka meri,” sanggeus ningali Gusti Patih mere tanda sangkan nuluykeun, cong deui nyembah. “Sanggabuana teh mangrupa wesi kuning pusaka nu jadi pangauban para raja di satatar Sunda. Sing saha nu mibanda bakal jaya salalawasna. Lain bae jadi tumbal kajayaan gusti ratu, tapi mun teu ampih dina diri teu ngawadah dina awak bakal ngabadi jadina”

“Mun kitu mah atuh, nu jadi tugur kajayaan Talaga teh Sanggabuana nya Mang?”

“Teu maksud ngalalangkungan, kitu katerangan janggan nu geus moyan di nagara.”

“Hanjakal nya Mamang,” Palembang Gunung humandeuar.

Centangbarang ngawani-wani maneh neutep beungeut Ki Patih nu ngadadak rumeuk.

“Enya hanjakalna teh dicekelna ku Rama Prabu. Tah dina kacanirbangban kieuna yeuh, urang teh teu bisa peta. Kuring mah yakin, Talaga teh bakal diranjah ku urang Indraprasta. Mangka kanjeng rama tos sakitu sepuhna. Jigana bagean kula ayeuna nu kudu tandang nyalametkeun Talaga. Talaga bisa langgeng tanjeur di buana” Palembang Gunung ngarahuh panjang kawas nu enya bingung jeung susah.

“Hatur punten Nun. Teu maksud goroh omongan. Sanggabuana mah ukur tumbal kadigjayaan nagara nu teu tiasa dihayang-hayang teu tiasa dipiboga ku sing saha nu mikahayangna. Tapi istuning sakarepna.”

“Enya kitu nya Mamang. Ngan eta kasaktian Rama Prabu teh pan dina ajian batarakarangna nya. Teu teurak ku gurinda atawa teu tedas ku tapak paluning panday. Teu aya pakarang nu mahi ngalawan kasaktian Rama Prabu,” ngahuleng heula sakeudeung, “Aeh enya nya. Mun kula nu boga ajian sakti sarupa kitu teh. Meureun aya sisiku siwulu-wulu maung ngamuk gajah meta

moal kudu ngandelkeun teuing batur nya. Emh... ! Ku hayang teuing sakti jiga kanjeng rama,” Palembang Gunung api-api humandeuar.

Lebah dieu mah bener-bener Centangbarang teh nincak pitapak.

“Teu sagawayah Gusti Patih. Nu bisa ngawasa ajian batarakarang, ukur jalma-jalma nu teu aya udelan kawas gusti ratu”

“Hanjakal nya. Mun seug kula boga. Ah! jigana rek diparabkeun we awak teh ka nu narajang. Rek saha nu kumawani ngalawan. Urang mah tinggal nyehcer bae mun ituna geus capeun.”

Blus Centangbarang kajiret ku omongan wawayagon Palembanggunung.

“Nya upami teu keuna kana mamatihna. Coba mun ninggang kana pingping kiwana. Bororaah katiruk ku pakarang seukeut atawa matih, dalah ukur kakoet ge pan langsung tiwas. Eta teh permatina ajian batarakarang teh.”

Palembang Gunung seuri leutik. Hatena mah surak ajrag-ajragan. Asa ngeurad marmot meunang uncal. Tapi ku pinter nyumputkeun semu dasar lagu tukang tipu.

Sabada ngahening sawatara waktu.

“Aeh bet kalalanjoanan kula mikir teh nya Mang. Kajeun ah teu boga batarakarang ge ari kira-kira eleh kadar kakoet mah. Mending kasaktian nu ilahar bae atuh ari kitu mah,” Palembang Gunung ngahaja megat carita sangkan jadi racun nu namper dina pikiran Centangbarang. Sugan jeung sugan duit emas sapundi teh bisa marabun abdi nu geus pikun model Centangbarang.

Centang Barang nu teu apal kana niat jahat minantu raja teh teu sadar yen ku jalan mere nyaho permati raja teh sarua jeung mantuan rajapati. Dina hiji peuting, jalma-jalma nu niat aniaya teh megat Sang Prabu nu keur semedi di sangar palengatan. Barang anjeunna kaluar ti kamer, jugjug aya nu numbak di lempag meneran pisan kana pingping kencana. Raja teh tiwas saharita Tapi dina pungkasanana, Centangbarang nu narima akibatna. Memeh maot raja kedal; supata. Centangbarang maot sabada awakna beak digegelan ku dirina sorangan.



# Sang Prabu Jaka Susuru

## Carita Pantun

Di Désa Sukaramé, Kacamatan Ciranjang, kabawah ka Kabupatén Cianjur ayeuna, aya lembur anu nelah Lembur Susuru, lembur anu mibanda ajén carita, nyaéta patilasan Sang Prabu Jaka Susuru, sakumaha anu kaunggel, dina carita anu dicaritakeun deui.

Kocapkeun di Nagara Pajajaran, nagara anu subur mamur, gemah ripah loh jinawi. Ari anu jadi rajana harita, Sang Prabu Siliwangi nu katujuh. Raja anu adil tur wijaksana, anu matak katurut ku abdi-abdina.

Kangjeng Raja kagungan putra pameget, keur sumedeng rumaja putra, belekesenteng buta tulang buta daging. Ari rupina kasép taya babandinganana, dedeg sampé rupa hadé, dibarung ku hadé tata hadé basa. Dupi kakasihna anu kaceluk, Radén Munding Mintra Kasiringan Wangi.

Ari dina hiji poé Sang Raja magelaran, dideuheusan ku patih, parabupati, jeung paramantri ponggawa sakabéh. Sami hémpak di paséban balé agung. Sang Raja mundut tinimbangan, réh putrana rék dijenengkeun bupati, di hiji kabupatén anyar, anu kudu diadegkeun ku sorangan.

Sang Raja mariksa anu sami hémpak, “Kumaha sapuk atawa henteu? Upama aya anu henteu sapuk, mending caritakeun baé ayeuna, urang badamikeun kumaha hadéna.”

Nu dipariksa ngawalon saur manuk, yén ngiringan kana pangersa Sang Raja. “Sukur ari kabéh geus sapuk mah.”

Pok Sang Raja ngalahir ka putrana, “Éta kabupatén anyar téh kudu di wétan. Pék téangan tempat pinagaraeun anu aya di Tatar Alas Pasagi Wétan. Tempat anu kacida alusna pikeun dijadikeun nagara anyar. Jig geura indit ti nagara ayeuna kénéh, meungpeung ninggang dina mangsa nu utama.”

Méméh angkat ngantunkeun nagara, Radén Munding Mintra Kasiringan Wangi, dipaparin jimat ku nu jadi ramana. Nyaéta Makuta Siger Kancana jeung Lawé Domas Kinasih, minangka tanda seuweu-siwi Siliwangi, pencaran ti Nagara Pajajaran.

Sanggeus nyungkem ka kang rama, Radén Munding Mintra Kasiringan Wangi, nembé jengkar ti karaton, diiring ku dua mantri kapetengan, Sewana Giri jeung Sewana Guru, nu baris ngaping ngajaring, salami lumampah milari pinagaraeun di Tatar Alas Pasagi Wétan.

Radén Anom angkatna badarat, asruk-asrukan nyorang leuweung geledegan, leuweung ganggong simagonggong, leuweung luwang-liwung harieum geueumeun. Ti poé ka poé lumampah taya reureuhna. Dahar paké teu pati kapaliré, saré ogé sakadar tamba palay.

Barang nepi ka hiji tempat, reg tiluanana ngarandeg, ngawas-ngawas patempatan. Di dinya téh tanahna léndo, caina curcor, kaayaanana hadé, nu biasa disebut galudra ngupuk. Cindekna pantes kacida pinagaraeun.

Radén Munding Mintra Kasiringan Wangi, énggal baé muja semedi, nyuhunkeun pitulung Sang Hiang Otipati, supaya éta tempat téh jadi nagara. Panedana ditampi ku Nu Kawasa, harita kénéh di dinya téh jleg baé jadi nagara.

Nagara teuing ku santosa, bénténgna lima ngajegir, hiji bénténg beusi, hiji bénténg waja, hiji bénténg tambaga, hiji bénténg pérak, hiji deui bénténg beusi purasani. Karatonna ayana di tengah-tengah, alus agréng sarta agem taya bangsana, wantuning buatan Déwa.

Radén Munding Mintra Kasiringan Wangi, lajeng menekung deui ka Déwa, nyuhunkeun pibaladeun: 8000 satria, 80.000 perjurit jeung 80 badéga nu pinguruseun karaton. Éta ogé tinekanan deui baé, ku Déwa dilaksanakeun.

Dadak sakala nagara téh geus jadi ramé, gegek cacah jiwana, dug-deg paimahanana. Radén Munding Mintra Kasiringan Wangi miwarang hiji utusan ngadeuheusan ka ramana, unjuk uninga yén nagara parantos ngadeg, sakalian nyuhunkeun pingaraneun éta nagara.

Gancangna carita baé, Utusan geus balik deui ti Pajajaran, nagara anu anyar diadegkeun téh dipaparin ngaran ku Raja Pajajaran, nyaéta Nagara Tanjung Singuru, sarta rajana dipaparin jenengan Sang Prabu Jaka Susuru.

Nagara Tanjung Singuru, lami-lami janten nagara kerta raharja, pangeusina beuki tambah gegek baé. Tapi Sang Prabu Jaka Susuru, ngarasa keueung cuang-cieung, taya batur pakumaha dina sela-sela ngaheuyeuk dayeuh ngolah nagara, ku margi henteu kagungan praméswari.

Anjeunna nimbalan Mantri Sewana Guru ngajugjug ka Nagara Bitungwulung, réh aya selenting bawaning angin yén Bupati Bitungwulung, Pangéran Jungjang Buana, kagungan putra istri dua. Jenenganana Sekar Jayanti, jeung adina Jayanti Kembang.

Sadatangna ka Bitungwulung, Mantri Sewana Guru nepikeun maksudna, ditampi ku Pangéran Jungjang Buana. Ngan Ki Mantri teu werat salahsahijina, lantaran putri duanana ogé gareulis, geulis lain pupulasan sagala-galana, surup pisan kana jadi pramésuari.

Antukna baé éta putri téh dilamar duanana. Ku ramana disanggakeun duanana. Harita kénéh ogé dua putri dijajapkeun, disarengan ku ramana diiring upacara. Teras baé duanana diréndéngankeun sareng Sang Prabu Jaka Susuru di Nagara Tanjung Singuru.

Der baé atuh pesta ramé kacida, tujuh poé tujuh peuting taya eureunna. Tatabeuhan ngageder beurang-peuting. Jalma daratang ti suklakna ti siklukna, kabéh tamplok minuhan alun-alun, némbongkeun kabungahna ka nu jadi raja, yén ayeuna tos kagungan pramésuari, anu geulis kawanti-wanti, sadua-dua.

Sigeug heula anu keur oléng-pangantén. Kocap aya hiji raja di Gunung Gumuruh, kakasihna Badak Tamela Sukla Panarak Jaya. Éta raja di karatonna disarengan ku rai istri, jenengan Ratna Kembang, réh anjeunna teu acan kagungan garwa. Lain teu niat lain teu hayang, cenah, ngan nganti-nganti wanci nu mustari.

Ari éta Nagara Gunung Gumuruh, perenahna henteu jauh ti Tanjung Singuru. Malah tepung wates jeung Tanjung Singuru. Jadi waktu pésta réndéngan Sang Prabu Susuru, karaméan nu sakitu matak geunjeungna, hawar-hawar kadangueun ku Badak Tamela. Katambah-tambah loba rahayat nagrina, anu indit sirib ngadon lalajo karaméan pésta.

Nya tuluy mariksakeun ka raina, “Nyai, di mana pésta anu kakuping téh? Jeung méstakeun naon deuih? Jigana henteu jauh ti nagara urang, da loba rahayat urang anu ngadon lalajo.”

Ku Ratna Kembang diwalon, yén putra Bupati Bitungwulung duanana diréndéngankeun ka Prabu Jaka Susuru, péstana diayakeun di Tanjung Singuru.

Badak Tamela kacida ngarénjagna, bendu mungгах ngagugudug, amarah mungгах henteu kawadahan, réh anjeunna aya manah ka éta dua putri, dikemu

ti baréto diceungceum ti baheula. Ari ayeuna, geus meujeuhna manjing sawawa, diiwat ku raja anyar tatanggana. Duanana deuih, teu nyésakeun keur batur.

Badak Tamela ka luar ti karaton, ngajugjug ka Tanjung Singuru karepna gilig rék ngiwat putri nu dua. Sajajalan anjeunna hulang-huleng, néangan akal anu rikip tur lantip. Barang geus manggih, nyéh seuri sorangan. Raja anyar anu dianggapna cucungah, baris meunang wawalesna anu satimpal.

Teu kungsi lila geus nepi baé ka nu dijugjug. Ngajanteng sakeudeung hareupeun lawang jaga. Mundut diunjukkeun ku nu ngajaga karaton, tuluy Badak Tamela téh ngadeuheus ka Prabu Jaka Susuru di srimanganti, api-api nu rék ngabakti tawis katineung, ka raja anu keur oléng pangantén. Pok unjukan Badak Tamela unjukan, “Nu mawi Kakang ngadeuheus téh seja nyanggakeun tawis kagegelan, nyaéta inten sagedé énéng. Nanging aya hanjakalna saeutik. Ku tina sakitu gedéna éta inten, teu aya nu bisa ngajungjung-jungjungkeun acan.”

Sang Prabu Jaka Susuru katingal saregep, kataji ku cariosan Badak Tamela. Pok Badak Tamela sasuran deui. “Rupina moal aya nu iasa nyandak éta inten, anging Kang Rai Prabu Jaka Susuru, anu kamashurkeun bedas tur sakti. Dupi éta inten téh ayana di Kawah Domas.”

Prabu Jaka Susuru téh percanten baé kana sagala cariosan Badak Tamela téh. Anjeunna geus teu kaampeuh, palay geura ngéngingkeun éta inten. Sanaos diwagel ku praméswari duanana, anjeunna henteu ngagugu. Pangrasana luhu élmu loba pangarti, piraku henteu bisa kitu-kitu acan mah.

Teras baé anjeunna angkat ka Kawah Domas, diiring ku Sewana Guru katut Sewana Giri. Barang nepi ka biwir Kawas Domas, tiluanana disuntrungkeun ku Badak Tamela, gebrus baé kana kawah anu panas, sarta tuluy éta kawah ditutup ku batu gedé. Geus kitu Badak Tamela gura-giru balik deui, muru ka Tanjung Singuru rék ngiwat putri.

Sekar Jayanti jeung Jayanti Kembang wantuning terusing kusumah, duanana meunang wirasat goréng, yén baris aya nu ngiwat. Pikeun tanda yén satia ka carogé, tuluy baé duanana ngalolos ti karaton, mubus ka leuweung anu suni. Nyaung-nyaung di tempat anu singkur.

Lami ti lami, dua putri téh kakandungan. Barang nepi kana bulanna, brol duanana babar patutur-tutur. Putrana pameget kawas nu kembar, rupina kasép ngala ka ramana. Murangkalih mulus banglus taya kuciwana.

Aya taunna éta dua praméswari hirup di leuweung katut dua putrana. Pipindahan henteu netep di hiji tempat. Lila-lila ka luar ti pileuweungan, nya anjog ka Nagara Tanjung Sembara. Din hiji mangsa, ngadeuheusan ka rajana, nyarioskeun lalampahan ti awal nepi ka ahir.

Éta raja saé pisan pangangkenna ka éta dua praméswari jeung putrana. Dipernahkeun di karaton disaé-saé. Ari jenengan nu jeneng raja di dinya, nyaéta Prabu Gajah Kumarasakti. Praméswarina kagungan dua, Purba Déwata jeung Ratna Déwata.

Tina welasna ka Prabu Jaka Susuru, énggal baé Gajah Kumarasakti mepek balad, badé ngarurug Badak Tamela nu harita ngajabel Nagara Tanjung Singuru. Sanggeus samakta prajurit katut pakarangna, leugeudeut baé ti dayeuh Tanjung Sembara. Ngajugjug ka Nagara Tanjung Singuru.

Badak Tamela geus tatan-tatan, metakeun panganggo jeung pakarangna, karepna rék némbongkeun kasakténna. Badak Tamela kaluar ti karaton, tuluy baé mapag musuh lir banténg ngamuk. Balad-balad Tanjung Sembara patinggolépak, dicacar bolang ku Badak Tamela.

Ningali galagat kitu, Gajah Kumarasakti maju ka pakalangan. Der perang tanding kacida ragotna. Lila-lila Badak Tamela kasoran, éléh jajatéan ku Gajah Kumarasakti. Badak Tamela teu manggapulia, tungtungna karingkus ku Gajah Kumarasakti.

Badak Tamela anu geus éléh jajatéan, ménta ampun ka Prabu Gajah Kumarasakti. “Ampun Sang Prabu, kula ménta dihampura, ménta hirup jeung huripna.”

Prabu Gajah Kumarasakti nimbalan, Gajah Tamela baris dipaparin ampun, tapi Prabu Jaka Susuru jeung pangiringna, kudu dikaluarkeun deui ti Kawah Domas.

Gura-giru Badak Tamela ka Kawah Domas. Batu gedé anu nutupan éta kawah, diangkat tuluy dialungkeun jauh pisan, kawantu Badak Tamela tanagana bedas.

Énggalna Prabu Jaka Susuru. kitu deui Sewana Giri jeung Sewana Guru, dikaluarkeun ti jero Kawah Domas. Badak Tamela nyuhunkeun ampun, bari ngabaktikeun rayina téa, anu geulis Ratna Kembang. Pangbaktina ku Prabu Jaka Susuru ditampi, sarta tuluy Badak Tamela dijenengkeun jadi bupati di Gunung Gumuruh, anu kabawah ku Nagara Tanjung Singuru.



Sasumpingna ka dayeuh Tanjung Singuru, Sang Prabu Jaka Susuru silihramkul sareng Prabu Gajah Kumarasakti nawiskeun tumarima kana pitulungna. Der pésta, tujuh poé tujuh peuting. Leuwih rongkah ti nu enggeus-enggeus. Lantaran sasatna éta pésta, dipiluan ku abdi-abdi ti tilu nagara.

Sang Prabu Jaka Susuru teras-tumeras ngeréh Nagara Tanjung Singuru, diaping ku tilu pramésuari: Sekar Jayanti, Jayanti Kembang, jeung Ratna Kembang. Tambih-tambah suka manahna, ku margi ayeuna tos kagungan dua putra. Ceuk sakaol, Prabu Jaka Susuru téh, patilasanana natrat di Lembur Susuru téa.



## Sasakala Pamanukan

Ku Budi Rahayu Tamsyah

Jaman baheula di daérah basisir kalér Pulo Jawa aya karajaan anu katelahna Karajaan Pilangsari. Kahirupan rayatna, henteu ari lubak-libuk mah, tapi cukup. Henteu kakurangan wé. Jeung deuih tara kadéngé aya baramaén anu ngider kawas kiwari di Karajaan Pilangsari mah. Nyirikeun rayatna getol digarawé, boh patanina boh pamayangna. Kabeneran tanahna léndo, jeung basisir kalér mah loba laukna deuih.

Karajaan Pilangsari boga raja anu wijaksana jeung pinter ngolah nagara. Raja Pilangsari kagungan kembang nagara anu ngan hiji-hijina, keur nincak rumaja, nyaéta Milangsari. Milangsari katelah kageulisanana ku saeusi nagara. Malah ahirna mah kageulisanana téh sumebar ka nagara-nagara tatangga. Kageulisan Milangsari jadi sabiwir hiji. Loba anu panasaran, siga kumaha ari Milangsari téh? Rabul ti suklakna ti siklukna hayang nyaho rupa Kembang Nagara Pilangsari. Anu geus nénjo rupana, baralik ka nagarana bari jeung neundeun katineung, dibarung ku pangharepan kauntun tipung katambang béas ngapimilik Milangsari.

Ti harita, rabul ka Nagara Pilangsari anu rék ngalamar. Nu hayang dipulung minantu, kitu deui anu ngajak bébésan. Anu daratang, taya nu léngoh, kabéh angkaribung ku babawaan keur pameuli haté Milangsari.

Nu daratang beuki loba. Aya anak raja, anak sudagar beunghar, anak bangsawan, malah aya anu rék ngajeneng-keun jadi ratu kadua ogé alias dicandung.

Raja bingung liwat saking. Nu hiji can dijawab, geus jebul deui nu hayang jadi minantu. Nu hayang jadi minantu can ditanya-tanya acan, geus torojol anu ngajak bébésan.

Beuki lila, kabingung raja beuki nambahan. Ahirna Raja ngangkir Patih jeung anakna, Milangsari.

“Mamang, bet jadi kieu geuning. Kumaha pipetaeun urang? Lamun seug hiji dipilih nu séjénna pasti arambekeun, moal burung dirempug nagara urang téh.

Ceuk rarasaan mah, urang moal sanggup ngayonanana, da mani sakitu lobana. Mamang, cing béré bongbolongan, sugan aya jalan anu hadé?”

“Jungjunan, moal ngalalangkungan Mamang mah, na-nging upami disuhunkeun kamandang mah mangga téh teuing. Kumaha upami diayakeun saémbara?” walon Patih.

Raja ngahuleng. Heueuh, dipikir-pikir mah alus ogé mun diayakeun saémbara. Anu daratang, kabéh boga kasempetan anu sarua.

“Tah, ayeuna Ama rék nanya ka Nyai, kumaha kira-kirana?”

“Duh, Ama, abdi mah mangga waé, kumaha saéna saur Ama,” témbal Milangsari.


“Tah, geuning kitu, Mamang,” Raja ngahuleng sajong-jongan. Pok nyarita deui, “Ayeuna mah pangbéjakeun ka kabéhanana, sing saha anu kapilih manuk anu dibawana, éta pisalakieun Milangsari. Ayeuna mah sina baralik baé. Téangan manuk anu alus saloba-lobana, béré waktu saminggu! Engké kumpul deui di alun-alun nagara!” Raja méré paréntah ka patihna.

Saminggu ti harita, di alun-alun Nagara Pilangsari geus pinuh ku kurung manuk, malah tepi ka pendopo sagala. Eusina rupa-rupa manuk, ti mimiti anu leutik saperti kolibri, nepi ka nu gedé saperti hingkik.

Sakumaha anu geus ditangtukeun, Raja jeung Milangsari kaluar ti karaton muru ka alun-alun, diiringkeun ku para-pangagung nagara, rék milih manuk anu dipikaresep ku Milangsari. Ti nu mimiti diilikan terus nepi ka tengah diteuteup, ahirna nepi ka tungtung disidik-sidik. Milangsari malikan deui ningalian nyidik-nyidik, mana manuk anu dipikaresep ku manéhna. Nepi ka tilu balikan, Milangsari masih kénéh bingung. Nu milu saémbara beuki teu genah cicing, sieun teu kapilih.

Ahirna Milangsari nyarita yén manuk anu sakitu lobana téh taya nu kapilih. Nu milu saémbara ngamuk asa diulinkeun, Nagara Pilangsari diburak-barik. Milangsari diséséréd, disedekkeun. Tempat saémbara paalus-alus manuk, kiwari nelah Pamanukan, tempat nyedekkeun Putri Milangsari kiwari jadi Kampung Padek. Ari Karajaan Pilangsari taya tapakna, ngan kari ngaran kampung: Kampung Pilangsari.

Nurutkeun Babad Sumedang, sajaman jeung Karajaan Sumedang di basisir kalér Pulo Jawa téh aya karajaan, katelahna Karajaan Pamanukan jeung Karajaan Ciasem.





## Sasakala Cigondewah

Jaman baheula, aya karajaan anu ngaranna Karajaan Sindangsari. Ari anu jadi rajana katelah Bagénda Raja Singa Mandala. Raja anu adil tur wijaksana. Bagénda Raja kagungan putri anu keur sumedeng rumaja putri, nyaéta Putri Mayang Sawitri. Putri geulis bawa ngajadi, éndah bawa ti kudrat.

Kageulisan Putri Mayang Sawitri geus kawentar ka mana ka mendi. Loba pangéran jeung raja anu boga maksud pikeun ngalamar, tapi kabéhanana ditolak ku Putri Mayang Sawitri.

Bagénda Raja Singa Mandala kacida hariwangna, duméh sakabéh pangéran jeung raja ditolak lamaranana. Bagénda sieun raja-raja anu ditolak lamaranana téh nyerang ka Nagara Sindangsari.

Hiji waktu Raja Jaya Dilaga ti Nagara Margaasih datang jeung rombonganana. Maksudna taya lian, rék miharep ka Nyi Putri Mayang Sawitri. Tapi nu ieu gé sarua deuih ditolak lamaranana. Atuh Bagénda Raja Singa Mandala téh beuki geumpeur kacida. Sok sieun Raja Jaya Dilaga bendu, tuluy nyerang karajaan manéhna.

Teu jauh tina panyangka, amarah Raja Jaya Dilaga geus teu katahan, lantaran lamaranana téa ditolak. Anjeunna ngajak perang ka Raja Singa Mandala.

Raja Singa Mandala teu bisa nolak kana tangtangan Jaya Dilaga. Anjeunna sayaga nyiapkeun balatentara di karajaan-ana. Sakabéh balatentara Sindangsari maké pakarang panah jeung gondéwa pikeun mapag perang.

Wanci subuh, balatentara Sindangsari ngajugjug ka tem-pat perang. Tangara perang geus ditabeuh. Prajurit Sindangsari ngaleut ngeungkeuy ka pangperangan. Bari teu poho mawa panah jeung gondéwa téa.

Kira-kira wanci manceran, perang campuh dimimitian. Singhoréng paraprajurit Margaasih leuwih kuat tinimbang paraprajurit Sindangsari. Ari sababna, jumlahna leuwih loba sarta pakarangna leuwih samakta.

Paraprajurit Sindangsari kadéséh, sarta loba nu palastra, gugur di médan jurit, teu kuat ngayonan musuhna. Malahan Raja Singa Mandala ogé perlaya sapada harita. Ningali ramana perlaya, Putri Mayang Sari nyabut keris, rék terus labuh



geni, maéhan manéh, téga kana nyawana sorangan. Ngan creb wé, keris téh ditubleskeun kana beuteungna. Sarta harita kénéh ogé Putri Mayang Sari nemahan pati ku kerisna sorangan. Ningali kaayaan kitu mah, ngarasa puas haté Raja Jaya Dilaga téh. Manéhna ngarasa sugema, sabab anu nganyerikeun haténa geus sah ti alam dunya.

Ku sabab di éta tempat téh loba paraprajurit Sindangsari anu perlaya, sarta maraké senjata panah jeung gondéwa, nya ti harita éta tempat téh ku Raja Jaya Dilaga dingaranan Cigondéwa. Nu ahirna robah jadi Cigondéwah, anu asalna tina gondéwa tadi.

## Dongeng Nini-nini

JAMAN baheula aya nini-nini malarat teu kinten-kinten, papakéanana geus butut sarta laip, disampingna ogé, ngan ukur bisa nutupan orat. Kitu deui dahar leueutna salawasna ngan sapoé sakali baé, malah-malah sakapeung mah datang ka potpisan sapoé dua poé henteu manggih-manggih sangu, ngan ukur nginum cai wungkul. Ari buburuh dederep henteu kaduga jeung geus henteu laku, wantu-wantu enggeus kolot kurang tanagana. Jadi kahirupanana taya deui ngan tina ngaroroték baé dina tegal-tegal atawa kebon awi, ari beubeunanganana dipaké nukeuran béas atawa cangkaruk ka tatanggana.

Pandéning imahna ngan sempil baé, ditangkodkeun kana pongpok imah baterna, kitu ogé hateupna bilikna geus balocor, wantu-wantu henteu aya pisan, anu daék nulung mangngoméankeun, ku tina henteu boga sanak baraya, sumawona anak incu, éstuning nunggul pinang.

Ari éta nini-nini téh sakitu nya kokolotanana henteu pisan nyaho ka gusti Alah, ulahbon ngalampahkeun téa kana paréntahna, jenenganana ogé henteu apal, pangrasana ieu bumi jeung langit téh jadi sorangan baé, euweuh anu midamel.

Dina hiji mangsa éta nini-nini geus dua poé henteu manggih-manggih dadaharan, soso roh nukeuran sangu ka tatanggana taya nu méré.

Ti dinya manéhna tuluy ngajentul di imahna bari humandeuar pokna, “Aduh, cilaka teuing diri aing ieu, nya ayeuna paéh langlayeuseun téh”.

Sanggeus ngomong kitu téh, tulcel, boga niat rék ngaroroték deui ka tegal, bari sugan manggih dangdaunan atawa bongborosan nu ngeunah dihakan, keur tamba ulah langlayeuseun teuing. Geus kitu bral leumpang ngajugjug ka tegal kaso urut nyundutan, anu deukeut kana talaga, sarta di sabeulahna deui nyandingkeun walungan gedé. Barang datang ka dinya, éta nini-nini téh manggih lauk deleg pirang-pirang, rék pindah tina walungan kana talaga. Sanggeus nepi kana tengah-tengah éta tegal kabeurangan, panon poé geus kacida teuing panasna, jadi deleg kabéh awakna taluhur kukumurna, ku tina seuseut datang ka henteu bisa maju leumpangna. Kusabab éta deleg kabéh pada nyandang susah tanwandé manggih bilahi paéh kasaatan.

Di dinya éta nini-nini téh bungah kacida, pikirna geus tangtu manggih untung meunang lauk pirang-pirang boga keur nukeuran sangu. Tapi manéhna héran neuleu aya hiji deleg, anu panggedéna ti sakabéh batura, jeung deui leumpangna ogé pangheulana, kawas-kawas nu jadi ratuna sarta bisaun ngomong, pokna, “Samiun Alah kuring neda hujan! Samiun Alah kuring neda hujan!” Kitu baé omongna bari tatanggahan ka luhur. Ari ku nini-nini téh didéngékeun baé saomong-omongna éta deleg téh, hayang nyaho kumaha kajadianana. Barang geus kira-kira satengah jam lilana datang hujan gedé naker wani cileungcangan, ti dinya éta deleg barisaeun deui leumpang tuluy kebat lumakuna, ari nini-nini téh datang ka ngadégdég awakna tina bawaning tiris kahujanan sarta léngoh balikna teu barang bawa.

Kacaritakeun éta nini-nini téh sanggeus datang ka imahna tuluy mikir bari ngomong di jero haténa, “Ih boa lamun aing ogé neda widi ka nu ngaran Allah téh, meureun di paparin, ari piomongeunana mah nya cara deleg téa baé, ngan bédana aing mah rék neda uwang.

Ti dinya éta nininini ség baé tapakur di imahna, bari ngomong tatanggahan ka luhur nurutan sakumaha kalakuan deleg téa. “Samiun Allah kuring neda uwang! Samiun Allah kuring neda uwang!” Kitu baé omongna teu eureun jeung pikirna anték kacida panedana ka gusti Allah, datang ka geus teu aya pikiran deui ka nu séjén.

Ari jalma anu imahna di tangkodan ku imah nininini téh, banget ngéwaeunana, ku sabab gandéng jeung bosen, saunggal poé unggal peuting ngadéngékeun omongna éta nininini, ngan kitu baé, taya pisan répéhna. Tuluy baé nyentak ka nininini téh pokna, “Nini! Répéh aing gandéng, ngan kitu baé euweuh deui kasab, moal enya Allah téh sumping ka dieu, seba duit ka manéh; jeung kitu baé mah anggur ngala suluh, ngala daun ka leuweung meureun aya hasilna; jeung deui; lamun manéh henteu beunang di carék, geura undur baé imah manéh ulah ditangkodkeun ka imah aing.

Panyentakna éta nu boga imah ku nini-nini henteu digugu, tonggoy baé ngomong nyuhunkeun duit ka Allah anggur beuki tambah maksudna.

Bareng geus nepi ka lima poéna, anu boga imah téh, beuki kacida garétékeunana, henteu beunang dicarék, sarta dititah undur henteu los. Ti dinya éta jalma tuluy nyokot karung goni beunang ngeusian ku beling, datang ka pinuh sarta dipékprékan, supaya jejel ambih beurat, niatna rék dipaké ngabobodo ka nini-nini téa, sina di nyanaan duit paparin Allah ragrag ti luhur,

jeung sugan nyeurieun ditinggang tonggongna ku éta karung ambih kapok moal ngomong kitu-kitu deui.

Kira-kira geus wanci sareupna ku éta jalma karung téh dibawa naék ka para, tuluy diponcorkeun tina sipandak ditindihkeun ka handap mener kana tonggongna nininini téh kalengger tina bawaning nyeri. Ana geus inget, nénjo aya karung ngadungkuk kacida atoheunnana, panyanana nya éta karung duit, paparin ti Allah.

Anu boga imah téh suka seuri nénjo kalakuan nini dug-dug deg-deg, semu banget atohna. Geus kataksir piengkéeunana bakal meunang éra kabobodo, karana nu dikarungan téh tétéla pisan yén beling.

Geus kitu karung téh disembah ku nini-nini téh bari ngomong kieu, “Nuhun Allah! Nuhun! Naha loba-loba teuing maparin duit téh, mana ari keur ajengan, aya kénéh nun?” Ti dinya tuluy geuwat dibuka. Geus kitu kersana nu agung, dumadakan éta beling kabéh jadi duit, aya uwang emas aya uwang pérak, jeung deui kumaha gedéna baé aya nu jadi ringgit, aya nu jadi ukon.

Ari isukna tatangga kabéh daratang ngadeugdeug, yén éta nini-nini meunang bagja boga duit pirang-pirang, asal tina dibobodo, malah kapala distrik sumping ka dinya ngalayad, sarta tuluy dilaporkeun ka nagara jeung ditétélakeun asal purwana. Ari timbalan ti nagara, éta nini-nini henteu kaidinan cicing di kampung, bisi aya nu nganiaya dipaling duitna, jeung diurus dipangmeulikeun lembur imah, katut eusina. Ti wates harita éta nini-nini téh jadi sugih teu kinten-kinten.

Kitu deui dipikanyaah ku menak-menak tina saregep kumawulana jeung tambah alus budina, kalulutan ku jalma réa sobatna, tina suka tulung ka jalma-jalma nu miskin, sumawonna ka nu keur kasusahan, margi ngaraskeun kadirina basa keur malarat kénéh.

Kacaritakeun éta jalma, anu méré karung beling téa, kabitaeun naker neuleu éta nini-nini téa jadi beunghar, lantaran dibobodo karung beling ku manéhna. Geus kitu boga niat hayang nurutan.

Ti dinya tuluy nganjang, sejana rék badami, supaya dibales ku éta nini-nini téa sina nindih ku karung beling ka manéhna, pokna, “Nini saterangna éta duit téh asalna beling beunang kula ngarungan, dipaké ngabobodo ka sampéan, kusabab satadina kaula giruk ngadéngékeun ajengan ngomong baé nyuhunkeun duit ka Allah, tatapi ahir-ahir éta beling dumadakan wet jadi duit kabéh. Ku prakara éta

ayeuna kaula rék neda dibales ku sampéan, hayang ditinggang ku karung beling, karana tanwandé jadi duit ogé cara nu geus kalampahan, tatapi kaula mah hayang ditinggang ku dua karung, nu galedé, ambeuh kaula leuwih beunghar manan nini. Wangsul nini téh, “Hadé heug baé geura tapakur, cara kaula baréto”. Ti dinya éta jalma téh tuluy balik, sadatang ka imahna heug baé tapakur nurutan sakumaha polahna nini-nini téa sarta ngomong, pokna, “Samiun Allah kuring neda uwang! Samiun Allah kuring neda uwang!” Kitu baé omongna jeung pikirna ujub kacida nangtukeun yén bakal meunang duit ti Allah dua karung goni parinuh. Bareng geus nepi ka lima poéna, nini-nini téh tuluy ka imahna éta jalma nu keur tapakur téa, bari mawa dua karung beling beunang mékprékan, sarta tuluy dibawa naék ka para, ti dinya heug éta dua karunganana ditindihkeun kana tonggongna.

Barang blug ninggang, sek baé kapaéhan malah-malah tulang tonggongna datang kapotong. Arina inget ngageuwat ménta parukuyan ka pamajikanana, heug karung téh dikukusan, ari mentas dikukusan tuluy disembah, bari ngomong nurutan cara omong nini-nini téa, pokna, “Nuhun Allah! Nuhun! Naha maparin duit réa-réa teuing, mana ari keur ajengan? Aya deui?”

Barang geus tamat ngomong karungna dibuka, béh beling kénéh baé henteu daékeun jadi duit, ti dinya kacida hanjakaleunana datang ka ngalembah rék ceurik tina bawaning aral, ség baé bijil omongna suaban ngahina ka gusti Allah pokna, “Ih naha Allah téh wét pilih kasih, dipangnyieunkeun duit sawaréh? Ari kaula henteu? Jeung deui: kumaha naha atawa Allah téh geus diganti deui tayohna, da nu baréto mah bisa nyieun duit ku beling, ari Allah nu jeneng ayeuna tayoh-tayoh henteu bisaen?”

Ti wates harita éta jalma gering heubeul pisan nyeri cangkéng, tatamba kaping-pirang dukun. Tina aya kénéh berkah Allah bisa cageur ogé, tatapi tanpadaksa, jadi bongkok tonggongna, datang ka henteu kuat nyiar kahirupan rosa-rosa, lawas-lawas manéhna jadi malarat cara nini-nini téa, kawas-kawas jadi tépa malaratna éta nini ka éta jalma téa.

*Nyutat ti Majalah Walanda, TIJDSCHRIFT voor INDISCHE TAAL, LAND EN VOLKENKUNDE, wedalan taun 1872. Dongeng Sunda Buhun ieu dikukumpul ku J. A. UILKENS, mangrupa carita ra'yat urang Ciamis.*



## Ki Dipa Dibegal

JAMAN baheula aya saudagar beunghar, boga bujang ngaranna Ki Dipa. Ki Dipa téh jelema teuneung taya kasieun. Hiji mangsa isuk-isuk Ki Sudagar nyarita ka Ki Dipa, pokna, “Manéh ogé nyaho imah Ki Armasik di dayeuh, nu biasa ngayuh barang ka urang téa, lin?”

”Terang,” jawab Ki Dipa.

“Poé ieu manéhna geus jangji, rék naur hutangna saratus ringgit. Tapi ku sabab déwék gering kénéh, wayahna manéh baé ka ditu, mawa surat ti déwék.”

“Mangga, ari Juragan percanten mah ka kuring.”

“Balik ti ditu engké ulah burit teuing, bisi poékeun di jalan. Ati-ati mawa duit, bisi kumaonam. Tah, ieu suratna.

“Nyuhunkeun pidu’ana baé. Mugi-mugi ulah aya halangan-harungan di jalan,” témbal Ki Dipa bari nampanan surat.

“Heueuh, jung sing salamet!”

Sanggeus saged, bari teu poho nyoréndang koja eusi timbel, jeung nyorén bedog, clak Ki Dipa tumpak kuda. Kuda digedig...berengbeng lumpat.

Kira-kira jam satu Ki Dipa geus nepi ka nu dijugjug. Ngan hanjakal Ki Armasik teu nyampak.

Cék pamajikan Ki Armasik ka Ki Dipa, “Tadi basa rék indit, aya talatah ka kami. Cenah mun aya Ki Sudagar atawa titahanana, dagoan baé da moal lila. Kumaha rék didagoan?”

”Rupina badé baé,” walon Ki Dipa.

“Heug atuh, itung-itung reureuh ongkoh. Tacan dahar meureun nya?”

“Parantos tadi di jalan, murak timbel.

“Bisi tacan mah, jung ménta baé ka Si Inem!”

“Leres parantos. Upami diwidian mah, badé ngiring maraban kuda di istal.”

“Jung baé, da loba jukut mah. Enya karunya, capéun!”

Jam tilu Ki Armasik karék datang.

Jam satengah opat Ki Dipa balik, bari mawa rajut duit eusi saratus ringgit.

Clak Ki Dipa tumpak kuda, berengbeng kuda lumpat bari teu eureun-eureun digedigan, da sieun poékeun di jalan.

Beuki jauh jalan téh beuki sepi, malah tungtungna mah teu ningal deui aya jelema ngulampreng di jalan. Bus jalan téh abus ka leuweung. Di jalan rendang monyét tarurun tina luhur kai panonobanana, tayohna megat nu ngaraliwat nu sok ngalawur sangray suuk atawa kulubna. Tapi narénjo kuda nu lumpat mengpengan mah, monyét-monyét téh nyingray nyarisi.

Ti kajauhan Ki Dipa nénjo aya awi malang di jajalaneun, kawas nu ngahaja ngahalangan nu lalar liwat. Kudana dipengkek sina ngendoran lumpatna, malah geus deukeut mah sina eureun. Jut Ki Dipa turun tina kudana, rék nyingkahkeun awi nu ngahalangan téa.

Sabot kitu jlang-jleng jelema dicarérong, laluncatan ti kénca saurang ti katuhu saurang. Nu saurang nyekel kadali kuda Ki Dipa, nu saurang deui nodong ku bedil, bari pok ngomong songong, “Angkat tangan! Mending paéh, mending hirup? Mun hayang hirup, ka dieukeun éta duit kabéh!” Tayohna nyahoeun Ki Dipa mawa duit loba.

Sajongjongan mah Ki Dipa teu bisa ngomong, ngan leungeunna baé duanana diangkat ka luhur, ranggah.

Sanggeus kumpul pangacianana, kakara manéhna nyarita leuleuy, “Hadé, ieu duit anu lobana saratus ringgit, ku kaula rék dipasrahkeun kabéh ka andika duaan, asal kaula dihirupan. Tapi...

“Tapi naon, hah?” ceuk bégál nu nodong téh.

“Tapi kieu,” ceuk Ki Dipa. “Lantaran ieu duit anu dunungan, supaya dunungan percayaeun yén kaula geus aya nu ngabégál, nya kudu aya tanda-tandana.”

“Gampang, pikeun tandana mah, suku manéh baé ku aing rék dibedil!”

“Atuh nyeri meureun, sing hawatos baé ka kaula.”

”Ari geus kudu kumaha?”

”Ieu baé baju kaula sampaykeun tuh dina dahan kai, tuluy bedilan ku andika sing nepi ka karancang,” ceuk Ki Dipa, bari ngalaan bajuna.

“Mun ningal baju kaula karancang ku pélor mah, tangtu dunungan téh percayaeun.”

“Hadé, jung sampaykeun ku sorangan!”

Sanggeus disampaykeun, tuluy baju téh ku Ki Bégal dibedilan, nepi ka pélorna béak. Barang Ki Dipa nyahoeun yén pélorna geus béak, ngan sérépét baé manéhna mesat bedog. Bari ngabar bedog, manéhna cocorowokan nangtang. “Sok, ayeuna mah ka dieu duanana, urang gelut!”

Bégal nu nyekelan kadali kuda, sot kadali...berebet lumpat mungguh tipaparétot. Nu nodong ku bedil nurutan baterna.... ngacir.

Bari seuri sorangan Ki Dipa nyokot bajuna anu geus karancang téa, rap dipaké. Tuluy nyampeurkeun kudana, clak tumpak. Kuda digedig, berengbeng lumpat.

*(Tina Dongéng-dongéng Nini, Karya Ki Umbara)*

## Putri Leuweung Larangan

JAMAN baheula pisan aya hiji raja gedé, beunghar tur punjul ti raja-raja lian sarta kamashurkeun adil jeung pinter. Tapi sakitu beungharna jeung agungna téh, anjeunna teu acan sugema waé manahna, duméh teu acan kagungan putra, anu baris ngagentos jadi raja.

Hiji mangsa, anjeunna nimbalan Patih ngadamel saém-bara, saha-saha anu bisa ngalandongan Raja sareng Pramés-wari, nepi ka kagungan putra, bakal diganjar duit salaksa dinar jeung imah katut pakaranganana.

Dukun lepus paraji sakti, datang ti mana ti mendi, ngabrul milu saémbara. Tapi hiji ogé taya nu hasil. Dukun teu metu, paraji teu matih, Pandita teu mental, Kangjeng Raja angger teu aya totondénna baris kagungan putra.

Kangjeng Raja ngaraos kalangkung bingungna. Teras baé atuh neneda ka Nu Maha Suci, nangis ngagukguk nyuhunkeun putra anu utama baris pigentoseun ngeréh nagara. Tina ce-ngengna paneda, dina hiji wengi anjeunna ngadangu sora tan katingal, pokna, “Paménta manéh ku Nu Maha Suci bakal dikabul, tapi henteu aya bagja boga anak lalaki, ngan dibéré hiji anak awéwé.”

Henteu sabaraha lilana ti harita Pramésuari kagungan putra istri, mulus taya kuciwana, sarta dinamian Putri Éndang Mayang.

Kabingahan Kangjeng Raja taya papadana, malah poéan Putri diparasan, Raja ngayakeun pésta, lilana tujuh poé tujuh peuting, sarta ngulem sakabéh pohaci papayung éta nagara.

Dina waktuna kabéh parapangagung nagara kaasup parapohaci, sumping ngaluhan kana upacara diparasanana Putri. Ngan aya saurang anu henteu kaulem téh nya éta Nyi Rara Demit anu ngageugeuh hulu dayeuh. Duka kumaha, dumadakan lat baé Kangjeng Raja téh teu émut.

Sanajan teu kaulem, Nyi Rara Demit angger sumping kana upacara parasan Putri. Maksudna taya lian ti arék mulangkeun katugenah ka Kangjeng Raja, pédah asa teu dihargaan, ku cara nyupata Putri dina waktu ngadunga sabada neukteuk buuk orok. Ngan niat Nyi Rara Demit téh kabadé ku salasaurang pohaci, anu kamashurkeun luhur élmunana nyaéta Pohaci Wiru Mananggay.

Énggal baé Pohaci Wiru Mananggay téh nyumput dina bokor anu dieusi cai pikeun ngabaseuhan embun-embunan orok anu diparasan téa.

Dina waktuna diparasan, sadayana pohaci ngadungakeun sangkan Nyi Putri jadi istri anu panggeulisna sarta pangdipika-asihna ku saréréa. Na ari palebah giliran Nyi Rara Demit, pokna téh, “Ieu orok patina aya dina kincir tinun; engké lamun geus sawawa, dina sumedeng rumaja putri, bakal raheut leungeun-na ku kincir sarta éta raheut moal beunang diubaran, sabab nya éta anu ngalantarankeun patina.”

Kabéh tatamu anu ngadarangu karagéteun, komo paraistri mah réa anu patinghareruk, tina teu nyangka Nyi Rara Demit bakal nyupataan kitu.

Kangjeng Raja teu iasa sasauran, pameunteuna pias awahing keu reuwas. Komo Pramésuari mah, geus lain caturkeuneun deui, nepi ka les baé kapiuhan.

Teu lila, jol Pohaci Wiru Mananggay anu nyumput dina jero bokor téa kaluar sarta nyaur bedas, “Sadayana ulah reuwas, ulah rémpan, kaula anu can nétéskeun cirasa ka ieu orok. Ieu cirasa kapaliasan, watekna panyinglar sagala bahya; tapi tina matihna supata Nyi Rara Demit, pati Nyi Putri téa teu bisa disinglar, ngan bisa digantian ku saré lilana saratus taun. Jadi, di mana Nyi Putri raheut ku kincir, moal tulus pupus, ngan kapiuhan baé, tuluy saré tibra saratus taun lilana; lamun geus jangkep baris digeuingkeun ku putra raja anu kasép tur pinter taya tandingna.”

Ngadangu cariosan Pohaci Wiru Mananggay, Kangjeng Raja katut sadayana anu hadir ngaros lejar deui manahna.

Kacarioskeun sanggeus tujuh welas taun lilana, Kangjeng Raja sareng Pramésuari langkung-langkung bingah manahna, duméh Agan Putri mulus taya pisan ririwitna, tur geulis dibéakkeun ku sorangan, éstu taya cawadeunana. Keur geulis téh soméah jeung hadé basa, teu cegikan teu cedihan, berbudi rajin binangkit. Ah, pokona mah putri mustikaning putri, Éndang Mayang téh.

Dina hiji mangsa, Agan Putri ngersakeun jalan-jalan ka luar karaton, diiring ku paraemban. Barang anjog ka hareupeun imah leutik camperenik, Agan Putri ngarasa panasaran kana sora anu kakara kadangu ku anjeunna. Sabada pupuntenan, sup ka jero imah, kasampak aya nini-nini anu keur muterkeun kincir.



Agan Putri teu ngiceup-ngiceup ningali kana kincir, anu ceuk anjeunna mah barang ahéng, da kakara ningali téa.

“Eukeur naon, Nini?” ceuk Agan Putri.

“Eukeur ngincir, Eulis, ngagolongan benang tinuneun!”

“Cing, abdi ngajaran ngincir, meunang teu Nini?”

“Mangga baé, Eulis!” ceuk nini-nini bari ngised diukna saeutik. Gék Agan Putri calik gigireun nini-nini téa. Ceg nyepeng kana gagang kincir. Kakara pisan muterkeun saputeran, ces panangan Agan Putri katojos ku sisi kincir anu geus rogok, kawantu kincir geus butut; rumpuyuk baé kapiuhan.

Nini-nini jeung paraemban pahibut bari tulung-tolongan. Teu lami Kangjeng Raja sareng Pramésuari sumping. Barang Kangjeng Raja ningali pameunteu Agan Putri, tétéla lain kapiuhan, tapi kulem tibra pisan. Ras anjeunna émut kana supata Nyi Rara Demit, ti dinya pok sasauran, “Ayeuna mah leuwih hadé ieu Putri bawa baé ka karaton, ulah diceungceurikan, sabab geus nepi kana jangjina keuna ku supata Nyi Rara Demit; Nyi Putri lain kapiuhan, tapi keur kulem tibra.”

Agan Putri énggal baé atuh dicandak ka karaton, dipernahkeun di kamar beunang mapaésan, simbutna sutra déwangga, anggoanana digentos ku nu saraé, sarta dikemitan ku emban-emban.

Teu lami sumping Pohaci Wiru Mananggay anu sakti téa. Barang bréh ningali Putri, Pohaci ngahuleng sakeudeung ngawatek ajianana. Teu lami pok sasauran, “Engké lamun geus jangkep saratus taun, Nyi Putri bakal gugah. Ngan supados henteu bingungeun dina waktosna gugah, kudu aya nu ngawulaan anu geus wawuh. Anu matak sakabéh pangeusi nagara, iwal Kangjeng Raja jeung Pramésuari, ku kula arék disirep supaya sararé saratus taun lilana. Kitu deui jeung karaton katut sakabéh eusina. Tah, ayeuna mah Kangjeng Raja sareng Pramésuari, geura angkat baé ti dieu, geura ngababakan ngadamel nagara anyar di tempat séjén.”

Pohaci Wiru Mananggay ngawatek sirepna, sakabéh pangeusi nagara sararé harita kénéh. Iwal ti Kangjeng Raja sareng Pramésuari. Duanana nurut kana omongan Pohaci Wiru Mananggay, lunta ngantunkeun nagara. Ari karaton anu ditinggalkeunana, harita kénéh ku Pohaci anu sakti téh dipager ku tutuwuhan

anu kacida galedéna, nepi ka teu katingali aya karaton di jerona. Nya ahirna mah nelah baé jadi Leuweung Larangan.

Kacaritakeun sanggeus sababaraha puluh taun, éta tempat téh jadi tempat pamoroan, sampalan badak jeung uncal, malah éta tanah patilasan nagara téh geus kaeréh ku hiji raja gedé. Éta raja kagungan putra hiji pameget, teuing ku kasép, satingkah-saparipolahna matak pikayungyuneun baé, jenenganana Pangéran Lingga Wisésa. Ari karesepna kana moro; beunang disebut taya dungus nu kalarung, taya sampalan nu kaliwat. Ari mulih ti pamoroan téh tara teu beubeunangan, kudu baé nyandak banténg atawa uncal.

Dina hiji poé, morona anjog ka Leuweung Larangan téa. Teu ku hanteu atuh, harita mah morona téh teu beubeunangan pisan. Tuluy baé timbul karepna hayang asup ka jero Leuweung Larangan. Tapi sakabéh pangiringna taya nu wanieun milu, lantaran éta leuweung téh loba kacaturkeunana. Leuweung anu kacida angkerna, dijaga ku dedemit jeung siluman-silemin.

Mulih ka karaton, sawewengi Pangéran Anom henteu kersa kulem, panasaran ku Leuweung Larangan. Sanggeus asak dimanahan, isukna Pangéran Lingga Wisésa nganggo anggoan kaperjurit; nyungkelang pedang pusaka. Sanggeus tarapti, jut lungsur ti kaputran, clak tumpak kuda, Si Barong, ulesna dawuk ruyung, kuda anu geus biasa dibawa ka pangperangan.

Gancangna kuda digitik, derengdeng lumpat sataker tanaga. Jog baé ka sisi Leuweung Larangan. Pangéran Anom ngawatek ajianana, teu sakara-kara leuweung téh kawas nu muka, méré jalan ka Sang Pangéran.

Pangéran Anom tuluy lebet ka Leuweung Larangan; bréh baé aya karaton kacida agréngna. Di palebah lawang sakéténgna aya dua welas perjurit anu ngajaraga, nyorén pedang nyekel tumbak. Tapi kabéh sararé. Malah komandanna mah, anu berengos, nyarandé kana pilar bari nulak cangkéng, ari panonna peureum, kérékna sugar-segor.

Pangéran Anom lebet ka jero karaton. Ti palebah kamar anu pantona nutup, papaésna béda ti nu séjén sarta leuwih éndah jeung leuwih hurung-hérang, anjeunna ngarandeg. Lalaunan pantona dibukakeun. Ari bray téh muka, Pangéran Anom olohok sajongjongan. Éta kamar eusina istri wungkul, lolobana mah kawasna bangsa emban, sararé ngurilingan hiji pajuaran anu alus kabina-bina.

Pangéran Anom haténa ratug tutunggulan. Tuluy angkat lalaunan nyaketan pajuaran. Bréh katingal aya istri anu kacida geulisna, kulem tibra. Haté Pangéran beuki ratug baé, aya rasa suka pacampur jeung risi. Sukana asa mendakan istri anu salami ieu dianggo panyileukan, ari risina sieun ditampik ku nu geulis tanding pohaci.

Beuki diteuteup ditelek-telek, beuki ngaraos lalanjung baé. Tina bakating ku bogoh ka Agan Putri, tapi sieun ditampik, rumpuyuk baé kapiuhan sarta nyuuh kana sisi pajuaran. Pananganna anu katuhu nyampay kana panangan Agan Putri.

Teu lami hiliwir angin panghurip nebak ka jero puri ku kawasana Pohaci Wiru Mananggay. Sakur anu katebak, patingkulisik nyararing tina saréna. Manahoréng geus datang kana mangsana, béak supata Nyi Rara Demit.

Kulisik Agan Putri gugah. Ari bréh téh ningali ka beulah katuhu, aya pameget keur nyuuh kana sisi kasur, pananganana nyampay kana panangan anjeunna. Agan Putri henteu geruh, da tos diwartosan ku Pohaci Wiru Mananggay dina impénan. Éta pameget téh raja-putra anu baris jadi carogéna.

Kulisik Pangéran Anom lilir. Teup paadu teuteup. Duanana ngaraos kajamparing asih, kapentang panah katresna.

## Sasakala Situ Patenggang

CINTA mibanda kakuatan nu rohaka. Cinta, merelukeun perjoangan jeung pangorbanan, kalayan disorang ku haté nu iklas. Najan dipisahkeun ku anggangna tempat, tapi ku cinta mah mo burung jauh dijugjug anggang ditéang.

Ki Santang jeung Déwi Rengganis, nu ngawiru cinta munggaran. Hiji mangsa manggih cocoba, kudu paturay paanggang tineung. Sanaos kitu, ari ati papada ati mah teu weléh cumantél. Peureum kadeuleu, beunta karasa. Anu ahirna ngajurung duanana pikeun maluruh laratan séwang-séwangan. Déwi Rengganis maluruh laratan Ki Santang, pon pilalagi sabalikna. Patéangan-téangan, tug dugi ka nyaliksik ka tepis wiring.

Cunduk waktu, ninggang mangsa, antukna Déwi Rengganis sareng ki Santang teu burung patepung lawung paamprok jonghok di hiji tempat kalayan disaksian ku hiji batu gedé, anu kiwari katelahna Batu Cinta.

“Jungjunan buah ati di pawenangan, nyanggakeun raga katineung anu ngancik dina asmara. Jisim abdi téh parantos apruk-aprukan maluruh laratan salira, nanging iklas, rido, dugi ka ayeuna urang tiasa patepang dibarung haté kebek kabagjaan...” kitu saur Déwi Rengganis.

“Deudeuh teuing, geulis. Akang ogé apan salami ieu téh lumampah tanpa tujuan, éstuning nuturkeun indung suku téh sanés bobohongan. Demi anu diseja, taya deui iwal ti patepang sareng salira. Kiwari akang kacida bungahna, bungah kagiri-giri wiréh urang patepung di ieu tempat...” waler Ki Santang.

Déwi Rengganis sareng Ki Santang silih cacapkeun kasono di luhur batu gedé, batu cinta. Salajengna Ki Santang ngedalkeun pamaksudanana pikeun nyandingkeun Déwi Rengganis. Tangtos baé Déwi Rengganis henteu nampik, sasat tos jadi cita-citana ti kapungkur. Kilang kitu, Déwi Rengganis aya panuhun ka Ki Santang.

“Manawi teu kaabotan, jisim abdi téh gaduh kahoyong...”

“Mangga, geulis. Hoyong naon baé, moal burung ditarékahan, pikeun ngabuktikeun cinta akang ka salira...”

“Duh... jungjunan buah haté, jisim abdi téh hoyong dipangdamelkeun situ sareng parahuna, kanggo urang duaan lalayaran...”

“Situ?”

“Sumuhun, jungjunan...”

“Sumangga, ku akang dipangdamelkeun...”

“Akanng ikhlas?”

“Tangtos baé, geulis. Bujeng hingga ukur situ, dalah dipiwarang ngadamel laut ogé, tangtos akanng bakal narékahan sakamampuh akanng...”

“Hatur nuhun, akanng...”

Kocap Ki Santang anu katelah mibanda kasaktian, langsung ngetrukeun sakur pangabisana. Ki Santang nénjrag lelemah dibarung ku kakuatan anu rohaka. Bumi inggeung, sarta cai nyusu ngaburial. Cai nyusu ngeueum éta patempatan tug dugi ka jadi situ. Teu hilap, Ki Santang ogé ngadamel parahu, kanggo lalayaran.

Sabada Ki Santang tiasa nohonan pamundut Déwi Rengganis, tangtos baé Déwi Rengganis ogé henteu sulaya kana jangjina. Ki Santang sareng Déwi Rengganis maheutkeun jangji, meungkeut cinta ku pertikahan.

\*

Kiwari Situ Paténggang kakoncara minangka salahsahiji tujuan wisata Jawa Barat. Naha bet katelah Paténggang? Taya nu terang sacara pasti, da anu écés mah kawitna tina paténgan. Maksud Paténgan téh nyandak tina lalampahan Ki Santang sareng Déwi Rengganis anu silih téangan atanapi patéangan-téangan.

Demi parahu anu didamel ku Ki Santang téa kiwari ngajanggélék jadi hiji pulo anu perenahna di satengahing situ. Éta pulo téh kiwari dinamian Pulo Asmara. Tangtos nyandak tina asal muasal parahu, anu dianggo ngumbar asmara ku Déwi Rengganis sareng Ki Santang.

Dumasar tina éta lagénda, kiwari tumuwuh kapercayaan atanapi mitos di sabagéan masarakat. Utama mah aya nu gaduh pamadegan, yén sing saha baé anu nuju papacangan, bakal lana hubunganana, pami lalayaran di Situ Paténggang. Ku ayana éta mitos, seueur anu wisata ka Situ Paténggang téh disarengan ku bébénéna séwang-séwangan.



## Sasakala Situ Bagendit

DI wewengkon Garut aya talaga nu ngaranna kawentar ka mana-mana, nya éta Talaga Bagendit. Kacida kajojona téh. Saban poé Ahad tawa poé pakanci raména téh luar biasa. Ti nu deukeut ti nu jauh jelema téh mungguh merul nu rék ngadon sukan-sukan, babakuna lalayaran.

Cék sasakala mah, cék dongéng nu sok didongéngkeun deui, éta Talaga Bagendit asal muasalna kieu:

Baheula, geus rébuan taun ka tukang, aya hiji randa beunghar katelah Nyi Endit. Ieu téh saenyana mah nénéhna, da ngaranna sajati mah Nyi Bagendit. Manéhna téh kacida pisan kumedna. Geus taya nu bireuk deui kana kakumedanana. Salian ti pakacar-pakacarna mah tara aya nu lar sup ka imahna. Éstuning lain babasan éta mah hirup nyorangan téh. Kajaba ti teu aya nu ngawawuhan, Nyi Endit téh mémang jalma nunggul pinang, geus teu kadang teu warga, hirupna téh éstuning nunggelis. Ari beungharna téa mah tétéla. Béh kebonna béh sawahna, imahna gé panggedéna di salembur éta mah. Turug-turug ngahaja mencilkeun manéh, ngababakan di tengah pasawahan, nu upluk-aplak. Maksudna teu aya lian, ku bawaning embung campur jeung babaturan, da sieun kasoro téa. Teu kitu mah atuh moal disebut medit.

Kacaturkeun keur usum panén. Di ditu di dieu ceuyah anu dibaruat. Ka sawah Nyi Endit gé réa nu gacong. Ari saréngsé dibuat jeung sanggeus paréna di ka leuitkeun, sakumaha tali paranti, Nyi Endit nyieun sedekah ngondang lebé jeung sawatara tatangga. Popolahna saniskara ku sorangan, teu aya nu ngabantuan. Barang geus tarapti, sakur nu mantuan ngakut tuluy diondang, ngariung tumpeng. Atuh nu ngariung téh nepi ka aya ratusna, tapi sadia tumpengna teu sabaraha, nepi ka ngan sakotéap geus bérés bari tingkarétap kénéh.

Keur meujeuhna balakécrakan, solongkrong aya aki-aki bongkok nu nyampeurkeun. Ku pribumi teu ditari teu ditakon, nya pok aki-aki waléh, yén teu kawawa ku lapar, sугan aya sih piwelas. Ana gantawang téh Nyi Endit bet nyarékan, nyéklék-nyéklékkeun, pajarkeun téh taya kaéra, teu ngahutang gawé, ménta bagéan.. Tungtungna nepi ka nundung, aki-aki dititah nyingkah. Cindekna mah geus lain picaritaen.

Aki-aki indit bari jumarigjeung, bangun teu nangan. Méméh indit manéhna ngomong kieu, “Sagala gé boh ka nu hadé boh ka nu goréng, moal taya wawalesna.”

Ngomongna kitu téh bari kasaksian ku sakur nu aya di dinya.

Saréngséna, nu dalahar tuluy amit rék baralik. Kakara gé pating laléos, rug-reg ngarandeg, sabab aya nu tinggarero: “Caah! Caah!” cenah.

Henteu kanyahoan ti mana datangna cai, ngan leb baé pakarangan Nyi Endit téh geus kakeueum. Atuh kacida ributna, jalma-jalma geus teu inget ka diri batur, asal salamet dirina baé. Nyi Endit gé nya kitu, niat rék nyingkirkeun cai, tapi barang rék kaluar ti imahna, cai téh nepi ka lir ombak laut tinggaruling ka palebah Nyi Endit. Imahna terus kakeueum méh laput.

Nyi Endit angkleung-angkleungan, bari satungtung bisa mah teu weléh-weléh sasambat ménta tulung. Tapi henteu kungsi lila jep baé jempé, sihoréng geus tikerelep. Imahna gé geus teu témbong. Sumawonna sawahna nu upluk-aplak geus aya di dasar cai. Lembur sakuriling bungking geus salin rupa jadi talaga, anu nepi ka ayeuna disebut Talaga Bagendit téa.

*Tina Lima Abad sastra Sunda*

## Sasakala Cau Manggala Aya Sikian

JAMAN baheula, cau Manggala kamashur minangka cau pangeunah-ngeunahna. Pangpunjulna ti antara sakabéh cau. Amis, pelem, jeung seungit melenghir. Katambah bisa asak sorangan dina tangkalna, teu kudu hésé meuyeum model cau séjénna.

Nya ku lantaran kitu, cau Manggala teu meunang samanéa dipelak jeung didahar. Jaman harita, cau Manggala husus tuangeun Kangjeng Raja. Tong boroning somah, cacah kuricakan, dalah bangsa ménak ogé, anu lain kulawedet raja mah, teu meunang melak jeung ngadahar. Cau Manggala wungkul dipelak di kebon kagungan raja. Wungkul tuangeun raja. Saha nu ngarempak éta aturan, bakal ditibanan hukuman anu beurat kacida.

Kacaturkeun dina hiji mangsa, pangeusi nagara kaserang panyakit murus. Kolot-budak, awéwé-lalaki, sakur nu katerap, taya nu manggapulia. Karasa sore paéh peuting, karasa isuk paéh beurang téh enyaan. Dukun lepus, paraji sakti taya nu mampuh ngungkulan. Ubar jeung jampé pamaké taya nu metu.

Ngan kulawedet raja anu salamet téh. Saréhat belele jag baé. Atuh basa paragegedén laporan, yén pangeusi nagri gempar ku panyakit murus, raja malik teu suka. Paragegedén diseukseukan, pajar mere laporan palsu. Bakat ku napsu-napsuna raja, sakur gegedén nu laporan diasupkeun ka panjara, sabab dianggap ngahianat jeung ngawiwirang wibawa raja.

“Mun enya gé rahayat gempar, kakeunaan panyakit, meureun kami ogé kudu katépaan,” kitu pamadegan raja.

Ku ayana éta kajadian, sakabéh pangeusi nagri, taya nu wani betus. Kanyeri jeung kapeurih maranéhna, disaridem baé ku sorangan. Panyakit beuki mahabu. Nu maot beuki loba.

Barang kaayaan geus parna pisan, torojol aya hiji resi. Ngahaja lugay ti patapaanna, lantaran teu téga ningali kawaluran rahayat. Dawuhan resi, “Piubareun panyakit murus téh nya eta cau Manggala!”

Rahayat atoh teu atoh dibéré piubareun téh. Atoh ku ayana pituduh. Teu atohna, sabab padaapal, apan cau Manggala mah teu meunang didahar ku rahayat. Lamun aya nu wani-wani ngarempak, hukuman pati bagéanana.

Tapi teu burung réa nu nékad. Ceuk maranéhna, “Ku panyakit murus urang téh paéh! Ngadahar cau Manggala sarua paéh! Pati-pati paéh ogé teu panasaran ari geus diihtiaran mah! Hayu batur, urang ngarala cau Manggala piubareun!”

Der cau Manggala kagungan raja téh diranjah ku saréréa. Am didalahar. Enya baé matih. Panyakit murus dadak sagala cageur.

Barang kaémpér-émpér ka karaton, yén pelak cau aya nu ngaranjah, raja teu kinten werana. Laju maréntah, sangkan nyarék nu jadi ulon-ulonna.

“Kaula nu tanggung jawab. Kaula sayaga narima hukuman ti raja,” Sang Resi gancang nyérénkeun diri ka gulang-gulang, bisi utusan raja meubeut-meulit ka rahayat nu teu tuah teu dosa.

Putusan raja, resi ditibanan hukuman gantung di kebon cau.

“Saméméh nyawa kaula paragat, kaula hayang nyarita heula ka balaréa,” resi ngasongkeun panuhun, samémé logojo nalikeun tambang.

“Cik pok omongkeun naon paménta anjeun téh!” raja ngidinan.

Bari ngarawu keusik, terus diawurkeun ka lebah dapuran cau, resi sasauran, “Ti mimiti poé ieu, cau manggala lain ngan wungkul dahareun raja, tapi kum kadaharan balaréa! Malah raja mah jadi moal beukieun, kajaba lamun salin jinis jadi cocodot!”

Tamat kasauran resi, sakedét nétra, raja sakulawarga salin jinis jadi cocodot. Hiber tingkeleper bari ricit disarada. Ari Sang Resi teukanyahoan ngiles, duka ka mana.

Ti harita, cau manggala jadi loba sikian. Tapi tetep pada mikaresep, kaasup ku cocodot téa. Atuh hasiatna, angger, bisa dipaké ngubaran panyakit murus.

## Lutung Kasarung

KACATURKEUN di nagara Pasir Batang, Prabu Tapa Ageung ti pramésuari Niti Suwari kagungan putra tujuh, istri wungkul. Nu kahiji kakasihna Purbararang, nu kadua Purbaéndah, nu katilu Purbadéwata, nu kaopat Purbakancana, nu kalima Purbamanik, nu kagenep Purbaleuwih jeung nu katujuh Purbasari.

Ngaraos parantos sepuh, Prabu Tapa Ageung ngersakeun ngabagawan, badé tatapa di leuweung.

Nu dicadangeun ngagentos ngeuyeuk dayeuh ngolah nagara téh lain Purbararang putra cikal, tapi bet Purbasari, putra bungsu.

Atuh munasabah baé, Purbararang asa kaunghak. Amarahna teu katahan, asa dihina asa ditincak hulu. Purbasari diusir ti dayeuh dibuang ka Gunung Cupu.

Kacaturkeun di Kahiang, Guruminda, putra déwata cikalna, titisan Guriang Tunggal, ngimpén gaduh garwa anu sarupa jeung Sunan Ambu. Saur Sunan Ambu, “Jung, geura boro pijodoeun hidep. Aya nu sakarupa jeung Ambu. Tapi...ulah torojogan, anggo heula ieu raksukan...lutung!”

Janggélék Guruminda minda rupa jadi lutung, katelah Lutung Kasarung.

Kocap deui di nagara Pasir Batang. Prabu Tapa Ageung ngersakeun hayang tuang daging lutung. Nya nimbalan Léngsér kudu mentés Aki Panyumpit ngala lutung ka leuweung.

Aki Panyumpit gasik ngasruk leuweung néangan lutung. Tapi dadak sakala, leuweung jadi sepi taya sasatoan. Bororaah sato kayaning peucang jeung lutung, sireum ogé taya nu ngarayap cék wiwilanganana mah.

Aki Panyumpit téh méh pegat pangharepan. Barang rék mulang, dina tangkal peundeuy bet kabeneran manggih lutung keur guguntayaan. Ari rék disumpit, celengkeung téh lutung nyoara: “Éh, Aki, bet kaniaya. Ulah disumpit! Kuring téh rék ngaku bapa pulung ka Aki. Hayang betah di dunya, hayang nyaho anu dingaranan karaton.”



“Sukur atuh, sok geura turun,” walon Aki Panumpit bengong, aya lutung bisa ngomong. Singhoréng Lutung Kasarung téa. Déwata minda rupa turun ka dunya.

Lutung Kasarung dibawa ku Aki Panyumpit, dihaturkeun ka karaton. Tapi barang rék dipeuncit, taya pakarang nu teurak. Sang Lutung teu bisa dirogahala. Tungtungna mah, saur Ratu, “Léngsér pasrahkeun baé ka anak kami, sugan butuh keur pibujangeun.”

Nya atuh ku Léngsér dipasrahkeun ka Purbararang. Ari walonna téh bet: “Daék sotéh ngabujangkeun, lamun jalma nu utama. Mun lalaki turunan mantri, ari lutung mah sangeuk teuing!” Deregdeg léngsér ka putra nu kadua, teu ditampa. Ka anu katilu, nya kitu kénéh. Pajarkeun téh, lain teu hayang nampa, ngan sieun ku Si Tétéh.

Léngsér mulang deui ka Purbararang, pokna téh,” Nya sok baé atuh, bisi pajar nampik pasihan rama.”

Lutung kasarung tetep di karaton. Belenyeng lumpat ngintip para mojang nu lalengjang keur ngagembrang ninun.

Keur jarongjong ninun, ari koloprak téh taropong Purbararang moncor ka kolong balé.

“Cing Adi, pangnyokotkeun taropong!”

“Ih, Tétéh, apan boga bujang lutung,” Cék Purbaleuwih.

“Cing lutung pangnyokotkeun taropong di kolong balé!”

Deregdeg lutung lumpat. Ulang-ileng, top taropong dicokot. Ari béréwék téh dibébékkeun mani jadi lima, sor disodorkeun!

“Jurig lutung, taropong aing sabogoh-bogoh dibébékkeun! Léngsér! Teu sudi kami mah, anteurkeun Si Lutung ka Si Purbasari di leuweung!”

Jut Léngsér turun, Lutung unggeuk, tuluy nuturkeun. Lutung Kasarung ditampa ku Purbasari.

“Éh Mama Léngsér, geunig Si Tétéh aya kénéh adilna. Kajeun lutung, tamba suwung. Kajeun hideung, tamba keueung nu di leuweung. Kajeun goréng, tamba jempé nu nyorangan. Hatur nuhun béjakeun ka Si Tétéh.”

Tutas haturan, Léngsér mulang ka karaton.

Caturkeun di sisi leuweung. Purbasari ngagolér dina palupuh sabébék, di hateup welit sajalon. Lutung kasarung ngangres ningal kaayaan putri. Rep Sang Putri disirep.

“Utun, urang saré jeung kaula. Kula mah banget ku tunduh!”

“Oaah, Sang Putri, lutung mah tara saré jeung manusa, bisi geuleuheun!”

Reup Putri Purbasari kulem tibra pisan.

“Éh, deudeuh teuing. Putri téh nalangsa pisan. Aing rék nénéda ka Sunan Ambu, neda sapaat para bujangga, niat misalin Sang Putri meungpeung saré,” gerentes Lutung Kasarung, Guruminda mamalihan.

Raksukan digédogkeun, bray baranang siga béntang, kakasépan Guruminda kahiang. Panejana tinekanan, sajiadna katurutan. Jleg ngajenggléng karatonna, leuwih agréng ti nagara. Purbasari dipangku, diébogkeun dina kasur tujuh tumpang, disimbut sutra banggala, disumpal ku benang emas. Janggélék Gurumiinda jadi lutung deui, tapakur di sisi balé kancana.

Kabeungharan jeung kamulyaan Purbasari di gunung kasampir-sampir ka nagara. Purbararang, nu goréng budi ti leuleutik, nu goréng lampah ti bubudak, beuki tambah sirik, beuki tambah ceuceub. Rupa-rupa akal dikotéktak, sangkan aya alesan keur ngarah pati Purbasari.

Mimitna Purbasari diperih pati, kudu bisa mendet parakan Baranangsiang, leuwi Sipatahunan. Mangka saat sapeuting. Mun teu bukti teukteuk beuheung keur tandonna.

Ku pitulung Lutung Kasarung, dibantu Sunan Ambu jeung para bujangga, ieu tanjakan téh laksana.

Tuluy Purbasari dititah ngala banténg ti leuweung. Ku kasaktén Lutung Kasarung, banténg téh katungtun ku Purbasari ka nagara.

Purbasari dipentés nyieun pakarang tatanén étém bingkeng jeung jarum potong, jeung ditangtang pahadé-hadé ngahuma. Geus tangtu Purbasari dibéré pasir anu pangangar-angarna, ari Purbararang mah di tempat nu hadé. Tapi Purbasari unggul kénéh.

Rupa-rupa ékol Purbararang, antukna Purbasari diajak pangeunah-ngeunah olahan, paloba-loba samping, papanjang-panjang buuk, pageulis-geulis rupa. Tapi rayat jeung jaksa nagara mutus teu weléh Purbasari anu unggul.

Tungtungna Purbararang pinuh ku haté dir jeung ujub, ngajak pakasép-kasép beubeureuh, Sagoréng-goréngna beubeureuh manéhna, da pubuh manusa, kakasih Indrajaya. Sakasép-kasépna beubeureuh Purbasari, lutung.

Purbasari éléh, tenggekna kari saketokkeun diteukteuk.

Cunduk kana waktuna, Lutung Kasarung manggih putri panyileukanana. Putri nu sasarot jeung Sunan Ambu, Purbasari. Lutung Kasarung ngagédogkeun raksukanana, baranyay hurung, janggélék jadi Guruminda deui.

Indrajaya ngamuk, tapi teu bisa majar kumaha, kaungkulan kadigjayaanana.

Purbasari ngadeg ratu di Pasirbatang, jadi pramésuari Guruminda. Ari Purbararang jeung sadérékna nu opat deui, dihukum kudu jadi pangangon. Indrajaya mah dihukum jadi pangarit, dibekelan arit timah. Ngan anu pangais bungsu, Purbaleuwih, anu welasan ti baheula ka Purbasari, ditikahkeun ka Ki Bagus Lembu Halang, ciciptaan tina raksukan Lutung Kasarung jadi papatih di Pasir Batang.

## Ciung Wanara

KACATURKEUN di Karajaan Galuh. Anu ngaheuyeuk dayeuh waktu harita téh nya éta Prabu Barma Wijaya kusumah. Anjeunna boga permaisuri dua. Nu kahiji Déwi Naganingrum, ari nu kadua Déwi Pangrenyep. Harita duanana keur kakandungan.

Barang nepi kana waktuna, Déwi Pangrenyep ngalahirkeun. Budakna lalaki kasép jeung mulus, dingaranan Hariang Banga. Tilu bulan ti harita, Déwi Naganingrum ogé ngalahirkeun, diparajian ku Déwi Pangrenyep. Orokna lalaki deuih. Tapi ku Déwi Pangrenyep diganti ku anak anjing, nepi ka saolah-olah Déwi Naganingrum téh ngalahirkeun anak anjing. Ari orok nu saéstuna diasupkeun kana kandaga dibarengan ku endog hayam sahiji, terus dipalidkeun ka walungan Citanduy.

Mireungeuh kaayaan kitu, Sang Prabu kacida ambekna ka Déwi Naganingrum. Terus nitah Ki Léngsér supaya maéhan Déwi Naganingrum, lantaran dianggap geus ngawiwirang raja pédah ngalahirkeun anak anjing. Déwi Naganingrum dibawa ku Léngsér, tapi henteu dipaéhan. Ku Léngsér disélongkeun ka leuweung anu jauh ti dayeuh Galuh.

Ari kandaga anu dipalidkeun téa, nyangsang dina badodon tataheunan lauk Aki jeung Nini Balangantrang. Barang Aki jeung Nini Balangantrang néang tataheunanana kacida bungahna meunang kandaga téh. Leuwih-leuwih sanggeus nyaho yén di jerona aya orok alaki anu mulus tur kasép. Gancangna budak téh dirawu dipangku, dibawa ka lemburna nya éta Lembur Geger Sunten, sarta diaku anak.

Kocapkeun budak téh geus gedé. Tapi masih kénéh can dingaranan. Hiji poé budak téh milu ka leuweung jeung Aki Balangantrang. Nénjo manuk nu alus rupana, nanyakeun ka Aki Balangantrang ngaranna éta manuk. Dijawab ku Aki éta téh ngaranna manuk ciung. Tuluy nénjo monyét. Nanyakeun deui ngaranna. Dijawab deui ku Si Aki, éta téh ngaranna wanara. Budak téh resepeun kana éta ngaran, tuluy baé ménta supaya manéhna dingaranan Ciung Wabara. Aki jeung Nini Balangantrang satuju.

Ayeuna Ciung Wanara geus jadi pamuda anu kasép sarta gagah pilih tanding. Ari endogna téa, disileungleuman ku Nagawiru ti Gunung Padang, nepi ka megarna. Ayeuna geus jadi hayam jago anu alus tur pikalucueun.

Dina hiji poé, Ciung Wanara amitan ka Aki jeung Nini Balangantrang, sabab rék nepungan raja di Galuh. Inditna bari ngélék hayam jago téa. Barang nepi ka alun-alun amprok jeung Patih Purawesi katut Patih Puragading. Nénjo Ciung Wanara mawa hayam jago, éta dua patih ngajak ngadu hayam. Ku Ciung Wanara dilayanan. Pruk baé hayam téh diadukeun. Hayam patih éléh nepi ka paéhna. Patih dua ngambek, barang rék ngarontok, Ciung Wanara ngaleungit. Dua patih buru-buru laporan ka raja.

Ari Ciung Wanara papanggih jeung Léngsér. Terus milu ka karaton. Nepi ka karaton, Ciung Wanara ngajak ngadu hayam ka raja. Duanana maké tandon. Lamun hayam Ciung Wanara éléh, tandonna nyawa Ciung Wanara. Sabalikna lamun hayam raja nu éléh, tandonna nagara sabeulah, sarta Ciung Wanara baris dijenengkeun raja tur diaku anak.

Gapruk baé atuh hayam téh diadukeun. Lila-lila hayam Ciung Wanara téh kadéséh, terus kapaéhan. Ku Ciung Wanara dibawa ka sisi Cibarani, dimandian nepi ka élingna. Gapruk diadukeun deui. Keur kitu datang Nagawiru ti Gunung Padang, nyurup kana hayam Ciung Wanara. Sanggeus kasurupan Nagawiru, hayam Ciung Wanara unggul. Hayam raja éléh nepi ka paéhna.

Luyu jeung jangjina Ciung Wanara dibéré nagara sabeulah, beulah kulon. Dijenengkeun raja sarta diaku anak ku Prabu Barma Wijaya Kusumah. Ari nagara anu sabeulah deui, beulah wétan dibikeun ka Hariang Banga.

Ku Kabinékasan Ki Léngsér, Ciung Wanara bisa patepung deui jeung indungna nya éta Déwi Naganingrum. Lila-lila réka perdaya Déwi Pangrenyep téh kanyahoan ku Ciung Wanara. Saterusna atuh Déwi Pangrenyep téh ditangkep sarta dipanjarakeun dina panjara beusi.

Hariang Banga kacida ambekna basa nyahoeun yén indungna geus dipanjara ku Ciung Wanara. Der atuh tarung. Taya nu éléh sabab sarua saktina. Tapi lila-lila mah Hariang Banga téh kadéséh ku Ciung Wanara. Hariang Banga dibalangkeun ka wétaneun Cipamali. Tah, harita kaayaan Galuh jadi dua bagian téh. Kuloneun Cipamali dicangking ku Ciung Wanara. Ari wétaneunana dicangking ku Hariang Banga.

*Tina Pangajran Sastra Sunda, karya Drs. Budi Rahayu Tamsyah.*



## Sasakala Gunung Tangkuban Parahu

KACATURKEUN di hiji leuweung aya bagong putih. Éta bagong téh gawéna ngan tatapa baé, geus mangpuluh-puluh taun. Ari anu ditapaan ku manéhna, hayang boga anak awéwé sarta bangsa manusa.

Dina hiji waktu bagong putih ngarasa hanaang. Manéhna indit ka hiji tegalan, deukeut walungan Citarum. Barang datang ka dinya, manggih batok balokan, hartina urut anu meulah duwegan. Loba pisan éta batok balokan téh, urut nu moro uncal ka dinya. Aya hiji batok balokan urut tuang Kangjeng Prabu. Éta batok téh aya caian, nyaéta cikhampangan Kangjeng Prabu. Barang geus marulang, kapanggih ku bagong putih. Lantaran hanaang, leguk baé cai nu ngemplang dina batok téh diinum. Ari geus nginum kawas aya nu nyaliara kana awak bagong putih, kawas nu ngandeg reuneuh baé.

Lila-lila bagong putih téh reuneuhna beuki gedé. Ari gubrag orokna jelema sarta awéwé geulis. Pohara baé bagong putih téh atoheunana. Anakna diciuman, digaléntor bari disusuan. Éta orok téh tuluy dingaranan Dayang Sumbi.

Nalika geus gedé, pok Dayang Sumbi téh nanyakeun bapa, “Ibu, ari bapa kuring téh saha? Naha jelema kawas kuring atawa bagong saperti Ibu?”

“Euh, Nyai anu geulis anak Ibu! Nyai mah henteu boga bapa. Mun enya mah boga bapa, meureun aya di dieu,” témbal bagong putih.

“Euh, piraku Ibu, sakabéh mahluk gé kapan pada boga bapa, boh manusa boh sato héwan. Ngan bangsa kakaian anu henteu boga bapa mah.”

Lantaran anakna pok deui pok deui nanyakeun saban waktu, ahirna bagong putih téh balaka. “Bapa hidep mah Kangjeng Prabu, di ditu ayana di karaton,” cék bagong putih. Ngadéngé kitu Dayang Sumbi pohara reuwaseunana, jeung ujug-ujug panasaran, hayang nepungan bapana.

“Lamun kitu mah ayeuna kénéh ku kuring rék ditepungan,” cék Dayang Sumbi.

Dayang Sumbi kebat baé indit, ngajugjug ka karajaan. Ku Kangjeng Prabu tuluy diaku anak, diperenahkeun di hiji tempat sarta dititah diajar ninun ka tukang ninun. Teu lila ogé Dayang Sumbi geus mahér ninun kaén. Ku Kangjeng Prabu

tuluy dipangnyieunkeun saung ranggon anu luhur di tengah leuweung. Ari baterna ngan ukur anjing hideung nu ngaran Si Tumang.

Dina hiji waktu nalika Dayang Sumbi keur ninun, taropongna murag ka kolong saung. Lantaran seungguh kudu turun, pok baé manéhna ngomong sorangan.

“Leuh, mun aya nu daék mangnyokotkeun éta taropong, tangtu bakal diaku salaki ku kuring.”

Kabeneran pisan di kolong saung téh aya Si Tumang, anu ngadéngékeun omongan Dayang Sumbi. Éta taropong téh dicokot ku Si Tumang sarta tuluy dibikeun ka Dayang Sumbi. Karuhan baé Dayang Sumbi pohara reuwaseunana, teu nyangka yén anu mangnyokotkeun taropong téh anjing, lain manusa. Mangkaning manéhna geus kedal ucap, rék ngaku salaki.

Dayang Sumbi rumasa geus kapalang kedal ucap. Kawas geus kitu katangtuan ti Déwata, manéhna tuluy hirup paduduaan jeung Si Tumang. Tepi ka hiji waktu kakandungan. Brol ngajuru, anakna lalaki, dingaranan Sangkuriang.

Sangkuriang sok resep ulin lulumpatan kadua Si Tumang. Sakapeung bari mamawa tumbak. Belewer dilempagkeun, cleb nanceb kana tangkal kai. Sangkuriang surak sorangan, bungah lantaran tumbakna meneran. Si Tumang dihucuhkeun. Sebrut lumpat, ngudag kana tangkal kai, bangun keur ngudag sato boroan.

Sangkuriang beuki mahér baé ngalempagkeun tumbakna. Tuluyna mah lain saukur ulin lulumpatan, tapi mimiti diajar ngasruk ka leuweung, néangan sato boroan. Moro sato naon baé, careuh, peucang, atawa mencek.

“Jung geura moro ka leuweung, Ibu mah hayang dahar jeung ati mencek,” cék Dayang Sumbi hiji waktu.

Sangkuriang tuluy indit ka leuweung, dibarengan ku Si Tumang.

Anéh pisan poé éta mah sasatoan téh henteu aya nu katénjo ngaringkang hiji-hiji acan. Padahal ilaharna mah sok katénjo uncal atawa mencek keur rendang nyaratuan di tegalan. Poé harita mah kawas ngaleungit ka mana boa. Sangkuriang geus asruk-asrukan ka saban tempat, ka lamping ka tegalan. Lapur sasatoan téh teu kasampak tapak-tapakna acan. Ari Si Tumang bet ngadak-ngadak kebluk deuih, henteu daék lulumpatan néangan sato boroan.

Awahing ku jéngkél teu beubeunangan, ngan lékék baé Si Tumang téh dipeuncit ku Sangkuriang. Atina dibawa balik sarta dipasrahkeun ka indungna. Dayang Sumbi puguh baé kacida atohna, dagdag-dégdég ngasakan éta ati. Ngan barang Sangkuriang balaka yén éta ati téh ati Si Tumang lain ati mencek, Dayang Sumbi pohara ambekna. Sangkuriang ditoktrok sirahna ku sinduk tepi ka ngucur getihan.

Sangkuriang tuluy pundung, indit ti imahna ngajugjug ka tebéh wétan. Mangtaun-taun leuleuweungan tepi ka ahirna bras anjog ka nagara siluman. Di dinya Sangkuriang guguru élmu kasaktén ka siluman nu wujudna oray naga. Sangkuriang ngulik élmu Tumbul Muda. Jalma anu miboga éta élmu bakal bisa meruhkeun sakumna jin jeung siluman. Sanggeus élmana kataékan, Sangkuriang dijurungan sina indit deui ngalalana.

Dina hiji waktu manéhna anjog deui ka nagara siluman. Lantaran geus boga élmu kasaktén, Sangkuriang bisa ngéléhkeun jin jeung siluman nu aya di éta nagara. Éta mahluk bangsa lelembut téh tuluy tunduk ka Sangkuriang.

Demi Dayang Sumbi, sanggeus ditinggalkeun ku anakna, manéhna ngarasa kaduhung kabina-bina. Hirupna éstu nunggelis. Manéhna tuluy indit ka tebéh kulon, rék néangan Sangkuriang. Ngaprak ngalalana tepi ka anjog ka Gunung Halimun. Di dinya Dayang Sumbi patepung jeung raja jin anu keur tatapa. Dayang Sumbi tuluy diajar rupa-rupa élmu kasaktén. Sanggeus tamat guguruna, manéhna dijurungan sina indit deui ka tebéh wétan. Di hiji tempat nu katelah Gunung Bohong manéhna nganjrek bumetah.

Kocapkeun Sangkuriang terus baé ngalalana. Mileuweungan migunungan tepi ka puluh-puluh taun, tepi ka ahirna anjog ka hiji gunung. Manéhna patepung jeung awéwé anu kacida geulisna. Sangkuriang bogoh sarta ngajak kawin ka éta awéwé, anu saenyana éta awéwé téh Dayang Sumbi, indungna sorangan. Dayang Sumbi nya kitu deui, bubuhan geus papisah mangpuluh-puluh taun, manéhna kalinglap. Méh baé daék diajak kawin. Ngan basa Sangkuriang keur disiaran rék diala kutu, dina sirahna katénjo bet aya céda. Dayang Sumbi ngagebeg, reuwas lain dikieuna. Manéhna kakara inget, moal salah ieu lalaki téh anak aing gerentesna, Sangkuriang anu baheula kungsi ditoktrok sirahna ku sinduk.

Sanajan geus ditétélakeun yén manéhna téh anak pituin, Sangkuriang teu percaya sarta keukeuh baé ngajak kawin. Mireungeuh anakna kitu, geuwat baé Dayang Sumbi nyiar akal.

“Heug kami daék dikawin, asal dipangnyieunkeun talaga jeung parahuna keur lalayaran urang papangantén. Éta talaga jeung parahu téh kudu anggeus dijieun sapeuting,” ceuk Dayang Sumbi. Ku Sangkuriang disanggupan éta paménta anu kacida banggana téh.

Harita kénéh Sangkuriang tuluy ngabendung walungan Citarum. Digawé teu eureun-eureun sapeupeuting, dibantuan ku bangsa jin jeung siluman. Nincak janari, talaga téh geus ngemplang. Kari nyieun parahuna. Kabeneran aya tangkal kai gedé, gedok dituar. Kai téh tuluy ditilasan régangna sarta dipapas dijieun parahu.

Dayang Sumbi yakin yén paméntana moal katedunan. Pimanaeun teuing nyieun talaga jeung parahu bisa anggeus sapeuting, cék pikirna. Tapi basa katénjo talaga geus ngemplang jeung parahuna geus ngabagug rék anggeus, manéhna kacida reuwasna. Dayang Sumbi bingung liwat saking. Kudu kumaha carana, sangkan aing teu tulus kawin, cék pikirna. Ras manéhna inget kana boéh rarang. Geuwat baé éta boéh téh dicokot tuluy dibawa ka mumunggang. Ku manéhna dikebut-kebutkeun, tepi ka bijil cahaya bodas kawas balébat di beulah wétan. Dadak sakala sasatoan leuweung disarada. Manuk récét. Hayam raong kongkorongok, da disangkana geus beurang.

Sangkuriang ngagebeg barang nénjo di wétan geus bijil balébat. Manéhna nu keur ngageduk nganggeuskeun parahu tuluy ngahuleng awahing ku reuwas. Bijil balébat tandana geus beurang. Mangka parahuna can anggeus, hartina manéhna moal tulus papangantén jeung Dayang Sumbi.

Bakating ku handeueul kabina-bina, ngan jedak baé parahuna ditajong satakerna. Bubuhan jalma sakti, parahu téh mangpéng jauh pisan. Gubrag di hiji tempat, parahu téh nangkub. Jleg salin rupa jadi gunung. Éta gunung téh kiwari katelah Gunung Tangkuban parahu. Ari talaga nu ngemplang ku Sangkuriang didupak tepi ka caina saat ngolétrak. Éta urut talaga téh kiwari jadi padataran Bandung anu ngampar lega pisan. Tunggul kai urut nuar Sangkuriang tuluy ngajanggélék jadi Gunung Bukit Tunggul, wétaneun Gunung Tangkuban Parahu. Ari régang kai anu ngahunyud sarta geus rangrang teu daunan, tuluy ngajanggélék jadi Gunung Burangrang di béh Kulon.

## Sasakala Maung Panjalu

Kocapkeun di Karajaan Majapahit, Prabu Brawijaya anu ngaheuyeuk eta nagara keur anteng neutep bulan purnama. Nginget-nginget kajadian mangsa ka tukang, kajadian anu ngabengkahkeun dua karajaan, Karajaan Majapahit jeung Karajaan Pajajaran. Kajadianana memang geus lila pisan, geus kaliwat sawatara puluh taun ka tukang. Nyaeta kajadian anu katelah Perang Bubat.

Timbul niat anu luhung dina manahna. Niat pikeun nyambungkeun deui duduluran anu kungsi kapegat ku rasa ceuceub. Sabab dihenteu-henteu oge, upama dijujut ka puhu mah, Raja Majapahit jeung Raja Pajajaran teh ti karuhunna mah tunggal sakocoran. Carana mah bisa ngaliwatan pertikahan. Kabeneran Prabu Brawijaya lalagasan keneh.

Sang Prabu Brawijaya enggal nyaur Patih. Barabat atuh nyaritakeun pamaksudannana, nyaeta ngalamar putri Karajaan Pajajaran, anu geulis Putri Kencana Rarang. Tujuanana, taya lian pikeun nyambungkeun tali silaturahmi anu kungsi pegat pisan.

“Kasalahan karuhun urang baheula, henteu hade lamun akibatna terus dikukut, sarta henteu perlu diwariskeun ka anak-incu.”

Patih sapuk kana pamaksudan Sang Prabu.

Poe eta keneh Patih tatan-tatan, ngumpulkeun balad sarta nyadiakeun bekel pikeun indit ngajugjug ka Karajaan Pajajaran. Eta rombongan diluluguan ku hiji Mantri. Dina waktu anu geus ditangtukeun, eta rombongan utusan Majapahit teh indit ninggalkeun nagarana maju ngulon. Lalampahan anu henteu gampang lantaran nyorang leuweung geledegan.

Kacaturkeun eta rombongan utusan teh geus tepi bae ka puseur dayeuh Nagara Pajajaran anu perenahna di Dayeuh Kawali. Utusan Majapahit meunang pangbagea anu hade, boh ti rahayat Pajajaran, boh ti Raja Pajajaran. Mantri anu jadi kokolot utusan Majapahit masrahkeun surat ti Prabu Brawijaya anu unggelna seja ngalamar Putri Kencana Rarang bari sakantenan maheutkeun deui tali silaturahmi antara Karajaan Majapahit jeung Pajajaran.

Raja Pajajaran nampi eta lamaran, ngingetkeun kana niat luhung Raja Majapahit. Ajakan pikeun hirup sauyunan memang kudu ditarima kalawan



jembar. Manakomo, Sang Prabu Brawijaya teh yuswana teu sabaraha geseh sareng Nyi Putri. Tumut kana kapalay sepuhna, Nyi Putri oge kersa dipihukum ku Raja Majapahit. Malah harita keneh oge ditangtukeun waktuna. Wanci anu mustari pikeun jatukrami.

Dina waktu anu geus ditangtukeun, Sang Prabu Brawijaya sareng rombonganana angkat ka Pajajaran kanggo rendengan. Sadugina ka Pajajaran, teras bae direndengankeun nyandingkeun kembang Pajajaran Kencana Rarang. Mungga nurub cupu, nu kasep sareng nu geulis. Der atuh ngayakeun pesta kacida ramena. Pesta nagara tujuh poe tujuh peuting. Sagala tatabeuhan ngageder taya reureuhna, lir anu nembongkeun kabungah nyacapkeun kasono.

Sanggeus rengse pesta jeung sukan-sukan, Putri Kencana Rarang dicandak ka Majapahit. Ngiring ka ingkang caroge ngaheuyeuk dayeuh. Rumah tanggana estuning reugreug pageuh, ditilaman ku kanyaah dipupuk ku kadeudeuh. Sawatara bulan ti harita Putri Kencana Rarang wawartos ka carogena yen anjeunna ngandeg. Sang Prabu Brawijaya kalintang suka manahna.

Nalika bobotna bade majeng ka salapan sasih, bet jorojoy we dina manah Nyi Putri aya kapalay nyelang mulih ka Pajajaran, ku margi palay babar di bali geusanna ngajadi, disakaikéun ku ibu ramana katut kadang wargi. Kawitna mah ku Sang Prabu teu kawidian. Komo deui Nyi Putri dina kaayaan bobot, anu ceuk itungan indung beurang mah, moal dugi ka sasasih oge orok baris medal.

Nanging ku margi Nyi Putri keukeuh, sareng nyariosna dibarung ku merebey mili, ahirna mah Sang Prabu teh leah manahna.

“Mangga atuh ari Rai maksa angkat mah. Mung hapunten, Engkang teu tiasa ngajajapkeun, ku margi nuju pameng mayunan nagara,” saur Sang Prabu Brawijaya. Anjeunna ngutus hiji Mantri kapetengan, kanggo ngajajapkeun Nyi Putri ka Pajajaran.

Sanggeus bekel katut para pangiringna sadia, bring atuh rombongan Putri Kencana Rarang angkat ti Majapahit seja ngajugjug ka Pajajaran. Angkat nyacat nyorang leuweung geledegan, mpir-mpir pasir mapay-mapay jungkrang. Nyi Putri angkatna ditandu kana joli. Diaping ku Mantri katut para ponggawa. Sanaos kedah nyorang jalan rarumpil, Nyi Putri katingal paromanna bear marahmay, kumargi bade tepang sareng ibu ramana.

Sanggeus sababaraha puluh poe lumampah, rombongan Nyi Putri anjog ka hiji tempat di suku Gunung Sawal, kuloneun Ciamis ayeuna. Nyi Putri ngaraos

nahnay sareng lalesu. Sering karaos patuangan sapertos nu bade babar. Terus bae pupuhu rombongan teh paparentah supaya rombongan eureun di dinya sarta nyieun sasaungan pikeun Nyi Putri reureuh, jeung bisi enya deuih Nyi Putri babar di dinya.

Mantri pupuhu rombongan paparentah deui, supaya ngadegkeun wawangunan anu tohaga. Sabab Ki Mantri ningali galagat Nyi Putri, kana bakal lami reureuhna di dinya. Pikeun nyieun eta wawangunan tea, loba tangkal kai anu rubuh ditaluaran, anu ku urang wetan mah disebutna “tumbang”. Eta tempat dingaranan bae Panumbangan. Kiwari jadi ngaran kacamatan di Ciamis kulon.

Henteu lepat tina panyangka sadayana, teu lami ti harita Nyi Putri ngalahirkeun. Orokna kembar sapasang: istri-pameget. Anu mimiti medal teh orok anu pameget, anu matak dianggap bae rakana. Ari anu istri, dianggap raina. Ari balina dilebetkeun kana pendil sarta dikubur di handapeun tangkal kai, kai badag sarta dahanna ngarampidak.

Saparantos Nyi Putri salirana jagjag, rombongan neruskeun deui lalampahanana, ngajugjug ka Kawali, puseur dayeuh Pajajaran. Sababaraha poe ti harita rombongan geus tepi. Nyi Putri dibageakeun ku ibu ramana, dibarung ku kabungah anu taya hinggana. Komo deui ieu mulihna bari nyandak murangkalih, kembar sapasang anu kasep jeung geulis, estu mulus sarta taya kuciwana.

Nyi Putri nyaritakeun lalampahanana, Ti kawit angkat ti Majapahit dugi ka babarna di Panumbangan. Mung eta murangkalih anu dua tea, teu acan dipaparin jenengan. Saparantos dietang sagala rupina, eta dua murangkalih dipaparin jenengan ku eyangna, nyaeta Raja Pajajaran. Anu pameget jenenganana Bongbang Rarang, ari anu istri jenenganana Bongbang Kancana.

Eta murangkalih dirorok ku eyangna, kitu deui ibuna, Kencana Rarang. Anjeunna henteu mulih deui ka carogena di Majapahit, nyaeta ka Sang Prabu Brawijaya tea. Dua murangkalih teh morontod pisan. Beuki gede teh beuki tembong cahayana. Bongbang Rarang kasep lir Dewa Kamajaya. Bongbang Kancana geulis lir Dewi Ratih. Kacida pisan dipikanyaahna ku nu jadi eyang, kawantu putu ti putra istri kameumeut.

Tapi nepi ka umurna nincak rumaja, eta barudak teh henteu nyahoeun bapa lantaran kacida dibunianana ku akina. Kitu deui sakabeh pangeusi karaton, diwanti-wanti ulah aya anu nyaritakeun bapana eta barudak anu aya di

Majapahit. Lain ku nanaon, akina kacida risina, sieun incu anu kacida dipikanyaahna, indit nepungan bapana di Majapahit, sasatna mah lunta ti Karajaan Pajajaran.

Bongbang Rarang jeung Bongbang Kancana panasaran hayang nyaho bapana anu saestu. Unggal nanyakeun ka sing saha bae, jawabanana sarua, bapana teh Raja Pajajaran. Eta jawaban henteu nyugemakeun hatena. Sabab ibuna ka Raja Pajajaran teh nyebat Ama, meureun ka maranehna teh perenah incu. Bongbang Rarang jeung Bongbang Kancana beuki gede teh beuki tambah panasaran bae.

Nepi ka hiji mangsa mah, eta dua budak teh ngadesek hiji emban, emban kapercayaan ibuna ti bubudak supaya ngabejakeun bapana anu sajati. Ku lantaran terus diguliksek, ditanya ku duaan meh unggal usik. Ahirna eta emban teh eleh deet. Pok bae atuh ngomong halon, “Rama Raden teh anu saleresna mah Sang Prabu Brawijaya Raja Majapahit.”

Ayeuna Bongbang Rarang nyahoeun bapana. Tangtu we eta hal teh matak kaget Sang Raja. Ditanya saha anu mere nyaho, Bongbang Rarang, kitu deui Bongbang Kancana, henteu daek betus lantaran inget kana jangjina, moal ngabejakeun jalma anu mere nyahona. Ngan ti harita Bongbang Rarang terus ngurihit, sangkan akina ngidinan pikeun indit ka Majapahit. Tapi Raja Pajajaran henteu ngidinan bae, lantaran melang bisi kuma onam di jalanna.

Ahirna dina hiji peuting jemplang-jempling, Bongbang Rarang ngalolos ti karaton, niatna geus gilig rek indit ka Majapahit, nepungan bapana anu jadi raja di Majapahit. Isukna, sapangeusi karaton ibur, Bongbang Rarang teu aya di karaton. Bur-ber anu nareangan ka ditu ka dieu. Weleh anu diteanganana henteu kapanggih, leungit lir anu diteureuy ku poekna bumi.

Kocapkeun adina, Bongbang Kancana, sanggeus nyaho nu jadi lanceuk ngalolos, rerencepan nyusul ngalolos ti karaton. Henteu lila oge Bongbang Rarang kasusul, lantaran samemehna geus pasini jangji, tepung di hiji tempat anu dirusiahkeun. Terus atuh duanana neruskeun lalampahan, maksudna rek ngajugjug ka Majapahit, nepungan bapana anu jadi raja di ditu.

Barang nepi ka hiji tempat, anu kiwari katelah Panumbangan tea, Bongbang Larang kacida hanaangna. Kokotetengan neangan cai ka ditu ka dieu, weleh henteu manggih. Breh bae ningali pendil handapeun tangkal, ditingali ku Bongbang Larang aya caian, caina herang ngagenclang bangun tiis. Matak uruy nu keur meujeuhna hanaang.

Henteu diengkekeun deui, cai dina pendil teh ditotor nepi ka beak. Teuing kumaha mimitina, pendil milepas. Blus teh asup kana sirah Bongbang Larang. Sirah Bongbang Larang seret beuheung, katutupan ku pendil anu dijieunna tina beusi. Dicoba dilaan, malah ku duaan, hese pisan. Ti dinya Bongbang Larang indit, leumpangna ditungtun ku Bongbang Kancana, maksudna rek menta tulung ka nu lian.

Sakur jalma anu dipentaan tulung, euweuh anu bisaen ngalaan eta pendil. Ti dinya aya jalma anu ngabejaan, sangkan Bongbang Larang dibawa ka dukun, dukun kaceluk sakti, ngaranna Aki Garahang. Barang tepung jeung Aki Garahang, barabat atuh Bongbang Kancana nyaritakeun lalampahanana ti awal nepi ka ahir. Ditetek taya nu kaliwat.

Sanggeus ngadenge caritaan Bongbang Kancana, pok Aki Garahang ngomong antare.

“Eta teh pangajaran keur hidep duaan, yen sagala kalakuan anu henteu diidinan ku kolot, sok matak aya balukarna anu henteu ngeunah. Jeung deuih, Ujang, Nyai, ari nginum notor tina pendil teh kalakuan anu teu hade.”

Aki Garahang karunyaen ka Bongbang Larang. Pokna, “Keun sugan bisa urang akalan ku Aki.”

Sup Aki Garahang ka kamarna, metakeun tatali paranti ngukus ka karuhun. Aki Garahang sidakep sinuku tunggal, neneda pituduh ka Hyang Widi. Aki Garahang meunang ilapat, yen eta pendil kudu dibeulah ku kujang pusaka. Aki Garahang nyokot kujang pusaka, pek dikadekkeun kana pendil beusi. Teu sakara-kara, pendil bencar sapada harita.

Bongbang Larang jeung Bongbang Kancana dititah nganjrek heula di dinya, ulah wara neruskeun lalampahanana. Eta dua rumaja teh nurut ka Aki Garahang. Dina hiji poe, Aki Garahang rek iinditan. Samemeh Aki Garahang indit papadon heula, sangkan Bongbang Larang Bongbang Kancana ulah wani-wani ulin ka Cipangbuangan. Ari Cipangbuangan teh mangrupa talaga, anu caina canembrang herang.

Abong nonoman keur meujeuhna belekesenteng, dicaram teh lain nurut tapi kalah ka panasaran. Bongbang Larang jeung Bongbang Kancana siga anu ngahajakeun ulin ka Cipangbuangan. Breh ningali cai talaga anu sakitu herangna. Jorojoy bae lanceukna aya karep hayang kokojoyan. Teu loba carita, gebrus Bongbang Larang ancrub, terus kokojoyan bangun nu ngeunaheun naker.



Bongbang Kancana kabitaeun, brus ka talaga. Duaan arulin kokojayan sukan-sukan dina cai.

Lila-lila dina saluar awak eta dua nonoman barijil bulu belang koneng jeung hideung. Janggelek bae duanana jadi maung. Maung lodaya jalu jeung bikang. Barang duanana saladar kana eta kajadian, terus silihrangkul bari ceurik paungku-ungku. Duanana kaduhung geus ngarempak larangan. Tapi kaduhung ti pandeuri mah taya gunana.

Dua maung kajajaden teh balik deui nepi ka pangajrekanana di imah Aki Garahang. Aki Garahang geus nyampak deui di dinya. Geus teg bae eta maung teh maung kajajaden, Bongbang Larang jeung Bongbang Kancana, anu geus ngadon mandi di Cipangbuangan. Pok Aki Garahang ngomong bari dareuda, “Ayeuna mah Aki henteu bisa nulungan lantaran hidep duaan geus ngarempak larangan jeung henteu nurut kana papatah kolot.”

Dua maung kajajaden teu panjang tatanya. Sanggeus amitan ka Aki Garahang, duanana neruskeun deui lalampahanana. Barang meuntas di Walungan Cimuntur, duanana ampir-ampiran keuna ku ajal lantaran kajiret ku akar oyong. Sanggeus leupas tina eta bahaya, Bongbang Larang kabawa palid ku Walungan Cimuntur anu caina tarik.

Bongbang Larang kabawa palid ka hilir, terus kasedot asup kana gawul tataheunan, nyaeta tangkal kawung anu dibobok tengahna, tataheunan paranti ngala lauk di walungan. Untungna bae ditulungan ku hiji patani. Bongbang Larang katut gawulna, dihanjatkeun ka darat ku eta patani. Tuluy eta gawul teh dibeulah ku kampak. Sakali dua kali, nepi ka puluhan kalian, tapi gawul teh teu daek beulah bae.

Ku lantaran geus ngarasa taak, Bongbang Larang dibawa ka Raja Panjalu anu harita mah linggihna di Dayeuhluhur. Bongbang Kancana ngiclik di tukangeunana. Srog ka payuneun Raja Panjalu, barabat eta dua maung teh nyaritakeun lalampahanana ti awal nepi ka ahir. Raja Panjalu kacida pisan karunyaenana. Gawul dilaan tina awak Bongbang Larang, molonyon siga anu babarieun pisan.

Minangka mulang tarimana ka Raja Panjalu, Bongbang Larang jeung Bongbang Kancana jangji moal ngaganggu ka turunan Panjalu iwal anu ngalampahkeun tilu perkara. Kahiji, anu nginum ditotor tina pendil. Kadua, anu melak tangkal



oyong. Katilu, anu nyieun gawul tina kawung bari henteu dibeulah heula. Eta jangji maung kajajaden teh dikuatan ku jampe pamake Raja Panjalu.

Ti dinya eta dua maung kakajaden teh neruskeun deui lalampahannana, nyorang leuweung-leuweung geledegan, mpir-mpir pasir, mapay-mapay jungkrang, ngaraas teuing sabaraha walungan. Ahirna anjog bae ka Karajaan Majapahit, maksudna rek nepungan bapana.

Barang srog ka lawang saketeng karaton, gulang-gulang anu ngajaga lawang pahibut bari nyangking pakarangna. Lantaran disampeurkeun ku maung, maung sadua-dua jeung galede deuih. Tuluy bae atuh maung teh pada ngepung. Gancang dihuit ku Bongbang Larang. Anu ngarepung karaget tingraringeuh, mireungeuh aya maung bisa cacarita.

Bongbang Larang nyaritakeun, saenyana manehna duaan teh putra Raja Majapahit, Sang Prabu Brawijaya, ti Putri Kencana Rarang ti Pajajaran. Geus kitu mah, eta dua maung teh dianteurkeun ka jero karaton, ngadeuheus ka Sang Prabu Brawijaya anu harita nuju aya di paseban, ngempel sareng abdi-abdi karaton.

Sang Prabu Brawijaya kaget manahna nampi dua tatamu aneh anu ngadeuheus. Barabat atuh Bongbang Larang nyaritakeun lalakonna ti mimiti ngalolos ti Pajajaran, robah wujudna jadi maung di perjalanan, tug dugi ka ayeuna aya di payuneun ramana. Ngadangu kitu, Sang Prabu ngagabrug. Dua maung kembar teh digalentoran, nyacapkeun kasono ka nu nembe tepang. Tapi ku lantaran ayeuna mah geus beda, wujudna geus robah jadi maung lodaya, pok bae Sang Prabu Brawijaya sasauran.

“Ujang, Nyai, sanajan ayeuna geus robah, tapi taya bayana pikeun nyieun kahadean, taya salahna pikeun meunang kabagjaan.”

Bongbang Larang ditimbalan jadi raja di sakuliah leuweung Majapahit. Ari Bongbang Kencana ditimbalan jadi ratu di sakuliah leuweung Pajajaran.

Ceuk sakaol, sataun sakali unggal Mulud, eta dua maung sok ngahajakeun papendak. Ari tempatna matuh di Panjalu. Nya ti harita deuih aya pacaduan pikeun sakabeh turunan Panjalu, nyaeta teu meunang notor cai tina pendil, teu meunang melak oyong, jeung teu meunang nyieun kuluwung tina kawung anu henteu dibeulah heula.

## Sasakala Majalengka

Dina abad ka XVI, di wewengkon Majalengka ayeuna aya tilu karajaan: Cakra Ningrat ngaheuyeuk karajaan-karajaan Rajagaluh, Pucuk Umum di Talaga jeung Nyi Rambut Kasih ratu Sindangkasih. Nyi Rambut Kasih lain bae geulis kawanti-wanti, tapi deuih kawentar sakti tur gede wibawa jeung gede komara, sarta jadi panutan masarakat.

Sabagian tina wewengkon Sindangkasih teh masih mangrupa leuweung. Di antara tutuwuhanana aya anu disebut tangkal maja, anu hasiatna pikeun nyageurkeun kasakit muriang. Teu jauh ti Sindangkasih, di Cirebon aya Syeh Arif Hidayatulloh. Jaman harita di Cirebon sumebar kasakit muriang. Loba anu kaserang. Syarif Hidayatulloh ngutus Pangeran Muhamad jeung Siti Armilah pikeun neangan buah maja sangkan urang Cirebon anu katerap panyakit muriang calageur deui. Nya terus bae utusan teh arindit, salian ti rek neangan buah maja teh, Pangeran Muhamad jeung Siti Armilah boga tujuan sejen nyaeta rek nyebarkeun Agama Islam.

Lantaran utusan ti Cirebon daratangna ka Sindangkasih henteu permisi heula, Nyi Rambut Kasih ngarasa teu suka wewengkon kakawasaanna ditincak ku tatamu anu teu diundang ti nagara sejen. Nyi rambut Kasih ngawatek kasaktianana. Leuweung nu asalna pinuh ku tangkal maja teh langsung ngaleungit. Eta utusan teh teu manggih anu diteanganana, lantaran tangkal maja anu tadina loba teh jadi euweuh.

“Majane langka, majane langka,” ceuk utusan dina basa Cirebon, nu maksudna majana euweuh. Nya nelah bae jadi Majalangka terusna dirobah jadi Majalengka. Sanajan anu diteanganana teu kapanggih oge, pangeran Muhamad jeung Siti Armilah henteu terus mulang ka Cirebon, ceuk angkeuhanana sugan wae dina hiji waktu mah bakal manggihan tangkal Maja. Nu matak eta utusan teh teu eureun-eureun neangan tangkal maja tea, bari sakalian nyebarkeun agama Islam.

Sabada ngawurukan bagbagan agama Islam ka balarea di sawatara tempat, Pangeran Muhamad terus matuh di gunung Margatapa, ari Siti Armilah itikap satekah polah pikeun ngislamkeun Nyi Rambut Kasih ngan keukeuh teu hasil. Nyi Rambut Kasih tetep tukuh kana agamana, tapi kaahirna mah ngahiang.

Sabada ditinggalkeun ku ratuna, karajaan Sidang Kasih aya dina kakawasan Cirebon sarta saterusna mah Majalengka. Pangeran Muhamad tilar dunya, dimakamkeun di Margatapa, ari Siti Armilah mah dimakamkeun di tukangeun Pendopo Kabupaten Majalengka, ayeuna anu katelahna makam “Ki Bedeng Badori”.

